ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№159 (23.317) ● 2016 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 18, махуэку ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къабэрдей-Балъкъэрымрэ «Роснефть» зэгухьэныгъэмрэ я зэпыщIэныгъэхэм заубгъу

Дыгъуасэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ «НК Роснефть» акционер зэгухьэныгъэм и вице-президент Мари Конрой Аврилрэ республикэм и Правительствэм и Унэм щызэхуэзащ.

АХЭР тепсэлъыхьащ автомобилхэм гъэсыныпхъэ щрагъахьэу станцу республикэм и щIыналъэхэм щыIэхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэным, социальнэ проект зэмылIэужьыгъуэхэр зэщIыгъуэзэщIэным. ЛъэныкъуитIми къыхагъэщхьэхукIащ зэман кIыхьым тещIыхьауэ зэрыгъэдэлажьэм зегъэубгъуным сэбэпныгъ пылъу къызэралъытэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанлэ.

КIуэкIуэ Ю. А. гъэ еджэгъуэщIэм зыхуэгъэхьэзырым теухуауэ КъБР-м и Правительствэмрэ Налшык къалэмрэ я унафэщIхэм я зэIущIэ иригъэкIуэкIащ

КIуэкIуэ Ю. А. КъБР-м и Правительствэмрэ Налшык къалэ округымрэ я унафэщIхэр кърихьэлIэу дыгъуасэ иригъэкIуэкIа зэIущIэр теухуауэ щыташ гъэ еджэгъуэщIэм зыхуэгъэхьэзырым.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Емуз Н. Гъу. къипсэлъам едэIуа ныжь, республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхукIащ Къабэрдей-Балъкъэрым и школ псори зэгъэпэщыжьынымкIэ лэжьыгъэхэр щыщхьэуIум и 20-м фIэмыкIыу яухын зэрыхуейр.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьащ еджакIуэхэр тхыльхэмкIэ къыхэрызэрагъэпэщым. Нобэм ирихьэлIэу еджакIуэхэм я процент 84,5-м яхурикъун тхыльхэр щыIэщ. Мы Iэнатlэм егъэщIылIа министерствэм хуагъуэващ зэреджэ тхыльхэмкIэ школакIуэ псори икIэщIыпIэкIэ къызэрагъэпэщыну. Апхуэдэу, дызэрыт мазэм кърибыдзэу муниципальнэ щIыналъэ псоми гъэ еджэгъуэщIэм и пэ кьихуэ жармыкIэхэр кьыщызэрагъэпэщын, сабий куэд зэрыс унагъуэхэмрэ унагъуэ нэхъ хуэмыщIахэмрэ ядэIэпыкъун хуейщ.

КъБР-м и Iэтащхьэм къигъуэващ школхэр тэмэму лъэныкъуэ псомкIи фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу къызэрагъэпэщыну икIи абы и лъэныкъуэкIэ кулыкъущIэ пыухыкIахэм езыхэм я щхьэкIэ жэуап зэрахьэр къыхигъэщащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанлэ.

КIуэкIуэ Юрий «Россети» зэгухьэныгъэм и унафэщI Бударгин Олег щыхуэзам тепсэлъыхьащ Къабэрдей-Балъкъэрым и энергетикэ комплексым зэрызиужьынум

Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ «Россети» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и унафэщI Бударгин Олегрэ тепсэлъыхьащ республикэм и энергетикэ комплексым зегъэужьыным пыщIа зи чэзу Iуэхухэм.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, Урысей компание нэхъ ин дыдэхэм ящыщым и щIыналъэ Iуэхущ Iанлэр, зэрыщыту къапщтэмэ, къыпэщыт къалэнхэм йохъулIэ. 2016 гъэм а Iуэхущ Iанлэм зэрихьэ сетхэм ящыщу къутэхэр процент 26-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Электрокъарууэ къагъэсэбэпыр зыхуэдизым къеГъэлъагъуэ щIыналъэм и экономикэ зыужьыныгъэр зэпIэзэрыту зэрекIуэкIыр. Абы къыдэкIуэуэ мы Iэнатlэм щIэуэ Iэмэпсымэ лъэщхэр щагъэув икIи абы къыхэкIыу республикэм и энергетикэм иIэ хэкIыпIэхэр къызэщIамыгъэуIуэу хъунукъым. ПсэупIэ комплексыщIэхэр зэраухуэм, социальнэ Iуэхущ Iанлэхэр къызэрызэIуахым къыхэкIыу электрокъарууэ къагъэсэбэпым зэпымыууэ хохъуэ.

А псоми къадэкIуэ зэкIэ иджыри гугъуехьхэр щыIэщ къагъэсэбэпа электрокъарум и уасэр и зэманым тыным и лъэныкъуэкIэ, щыхуэхэр пшынэжьынымкIэ Iуэхур нэхъ зэтеуваУэ къалъытэми. ДызыхуэкIуэ зэманым зэгугъупхъэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ энергетикэм и инфраструктурэр тэмэму гъэлажьэныр, абы нэхъри зегъэужьыныр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанлэ.

УФ-м Дзюдомкlэ и федерацэм и президентым КъБР-м и унафэщIхэм фIыщIэ къахуищIащ дзюдом зегъэужьыным хуэгъэзауэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIым папщIэ

Урысей Федерацэм дзюдом зыщегъэужьыным ирипыкъуэгъуэ зэрыхъум къыхэкIыу Къабэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм фIыщIэ къахуищIащ УФ-м Дзюдомкlэ и федерацэм и президент Анисимов Василий. КIуэкIуэ Юрий и щIэкIэ абы къыгъэхьа тхыгъэм итщ:

«Нобэ дэ къэрал псор ди гъусэу догъэлъапIэ урысей спортым и ехьулIэныгъэр. ИльэсиплI кьэс зэ екIуэкI зэпеуэ нэхъыщхьэ дыдэм дуней псом и дзюдоист нэхъыфI дыдэ щыхъуа Мудрэн Беслъэн и текIуэныгъэр Урысейм а спорт лIэужьыгъуэр фIыуэ зыльагъуу и псори игъэгушхуащ, спортым и къабэрдей-балъкъэр школым и гъэсэным и зэфIэкIым къызэщIиIэтащ.

Урысейм Дзюдомкlэ и федерацэм и щIэкIэ апхуэдэ текIуэныгъэм папщIэ сыныбохъуэхуу икIи мы спорт лIэужьыгъуэм и пщIэр Урысейм къыщыIэтным хуэгъэзауэ лэжьыгъэшхуэ зэревгъэкIуэкIым къыхэкIыу си гуапэу фIыщIэ фхузощI».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанлэ.

● Олимпиадэ-2016

Илъэсий хъуауэ пашэхэр

Зэдэууэ псым есынымкIэ зэпеуэм еплIанэу Олимп чемпион щыхъуахэщ Ищенкэ Натальерэ Ромашинэ Светланэрэ. Илъэсий хъуауэ а спорт лIэужьыгъуэмкIэ абыхэм дуней псом тепщэныгъэр щаIыгъщ.

ИЩЕНКЭ Натальерэ Ромашинэ Светланэрэ Рио-де-Жанейрэ дыщэ медалхэр къызэрыщахьынум куэдым шэч кьытрахьэртэкъым. Я хьэрхуэрэгъухэм ахэр апхуэдизкIэ йофIэкIри, зы ныкъуэкъуэгъуи ямыIэу кьыпщохъу. Мис аргуэруи абыхэм я программмэм судьяхэм зы ныкъуэныгъи халъэгъуакъым икIи балл нэхъ лъагэ дыдэхэр хуагъэуври, ялэ увыпIэр лъагъэсащ. Етхуанэ олимп дыщэ медалри зыIэрагъэхьэну загъэхьэзыр Ищенкэрэ Ромашинэмрэ. Урысей Федерацэм и гуп къыхэхам хэту ахэр мыгувэу утыку къихьэнущ.

Гимнастхэм я зэпеуэм и ижьырей махуэм жэз медалыр щызыIэригъэхьащ Белявский Давид. Дыщэр лъысащ Украинэм икIа Верняев Олег, дыжьыныр - США-м и гимнаст Лейв Данелл.

Щхьэзакъуэ байдаркэм ису метр 1000-м щызэпеуэным, иужьрей илъэс 44-м щыяпсу, ди къэралым икIахэм медаль къыщахьащ. Абы къыхэкIыу Аношкин Роман и ещанэ увыпIэр ехьулIэнэрэ зэпеуэм къыхэлъытэ хъунущ.

Ди жагъуэ къащIащ бэнакIуэхэмрэ волейболистхэкэмрэ. Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ зэпеуэм Магомедов Исльамрэ (килограмм 98-м нэблагъэ) Альбиев Исльамбэчрэ (килограмм 66-м нэблагъэ) къахуэхьар еянэ, ебгъуанэ увыпIэхэраш. Урысей Федерацэм волейболымкIэ и цIыхуб командэ къыхэхар сербхэм 3:0-у финалым и Iыхьэ плIанэм къыщыхагъэщIащ икIи IэнэщIу я унэм ягъэзэж. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэдгъэщынци, Олимпиадэ ещанэ хъуауэ ди хьыджэбзхэр абдежым къыщыизэтоувыIэ.

Атлетикэ псынщIэмкIэ ди къэралым щыщу Рио-де-Жанейрэ щыIэ зэпеуэхэм хэтыну хуит ящIар Клишинэ Дарье и закъуэщ. Жыжьэу лъэныкIэ къызэрыхах зэхьэзэхуэхэм ар еянэ щыхъуащ (метр 6,64-рэ) икIи финалым хэтыну Iэмал игъэтащ.

Рио-де-Жанейрэ щекIуэкI Олимпиадэм официальнэу щымыт и гуп зэпеуэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я спортсменхэм бжьыпэр зэрыщаIыгъщ. Медаль лIэужьыгъуэ псоми ящыщу зэхуэдиз - 28-рэ - кьахьауэ ахэр я хьэрхуэрэгъухэм куэдкIэ йофIэкI.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Ищенкэ Натальерэ Ромашинэ Светланэрэ.

XXXI Олимп джэгухэм къыщахьа медалхэр
(шыщхьэуIум и 17-м ирихьэлIэу гуп нэхъыфIитщIыр)

№	Къэралыр	Дыщэу	Дыжьыну	Жэзу	Псори
1.	США	28	28	28	84
2.	Великобритание	19	19	12	50
3.	Китай	17	15	19	51
4.	Урысей Федерацэ	12	12	14	38
5.	Германие	11	8	7	26
6.	Италие	8	9	6	23
7.	Нидерландхэр	8	3	3	14
8.	Франджы	7	11	11	29
9.	Австралие	7	8	9	24
10.	Японие	7	4	18	29

● Хэхыныгъэ-2016

Пхъэидзэ зэхэтащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хэхакlуэ комиссэм вэсэмахуэщкIуэкIащ эфир зэманымрэ газет напэкIуэцIхэмрэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр щыхахкIэ ирагъэкIуэкIыну агитацэм папщIэ къызэрагъэсэбэпыну щIыкIэм ехьэлIа пхъэидзэ.

ЗэIущIэр къызэIуихащ КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ Евтушенкэ Сергей. Къызэхуэсахэр абы щыгъуазэ ищIащ Къэрал Думэм и депутат хъун папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мандат закъуэ округым кандидату 8 зэрыщытхар: Жылэ Хьэсэн («Хэку» урысейпсо политикэ партым къыбгъэдэкIыу), Пащты Борис (КПРФ), Султановэ Айшэт («Яблоко»), Токъу Руслан («Захуагъэ зэдэщIэ Урысей»), Цумаев Мусэ (ЛДПР), Шаваев Камал («Урысейм и коммунистхэр» коммунист парт»), Щхьэгъэпсо Сэфарбий («Удзыфэхэр» урысейпсо экологие парт), Щхьэгъуэ Адэлбий («Урысей зэкъуэт»). КъищынэмыщIауэ, ди республикэм и щIыналъэм утыку щихьащ парт 13: ЛДПР, «Захуагъэ зэдэщIэ Урысей», «Удзыфэхэр» урысейпсо экологие парт, «Урысейм и хэкупсэхэр», «Зыужьыныгъэм и парт», КПРФ, «ЦIыхубэ хуитыныгъэм и парт «ПАРНАС», «Граждан кьару», «Урысейм и коммунистхэр» коммунист парт», «Яблоко», «Хэку», «Урысей зэкъуэт», «Захуагъэм и телъхьэ пенсионерхэм я урысей парт».

Къэбэрдей-Балъкъэрым и радио, телевиденэ, газет нэхъыщхьэхэм дэтхэнэми щхьэхуэу ирагъэкIуэкIа пхъэидзэм щаубзыхуащ кандидат щхьэхуэхэмрэ парт зэмылIэужьыгъуэхэмрэ Къэрал Думэм и хэхыныгъэхэм зэрыхуэкIуэ программэхэр хэIущIыIу зэращIыну щIыкIэмрэ махуэмрэ.

Фигу къэдгъэкIыжьыну, хэхыныгъэм и пэ кьихуэ агитацэм зыщыщхьэуIум и 20-м щIедзэ. Ар екIуэкIынущ фокIадэм и 16 пщIондэ. Къэрал Думэм и депутатхэм я ешэн хэхыгъэр фокIадэм и 18-м Урысей Федерацэм и щIыналъэ псоми зэуэ щекIуэкIынущ.

ХЬЭТАУ Исльам.

ШынагъуэншагъэмкIэ федеральнэ кулыкъущIанлIэм и органхэм иужьрей махуэхэм Санкт-Петербург къалэм щрагъэкIуэкIа оперативнэ лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ хабзэхъумэхэр Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм щIэпхъаджагъэхэр щызыIэжь бандэ гупхэм хэтхэм я пэужьым техьащ. Абыхэм зыщагъэпщкIу фэтэрыр Урысейм и ФСБ-м и кьару хэхахэм къаухъуреихьащ. ЩIэпхъаджащIэхэм Iэщэр ягъэтIылъу зыкъатыну щыхуагъэувым, ахэр оперативнэ лэжьакIуэхэм къахэуэу щIадзэри, боевику плIы абдеж щаукIащ.

АБЫХЭМ ящыщу щыр хэтми зэхагъэкIащ. Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм террорист щIэпхъаджагъэхэр щызыIэжь бандэ гупхэм я Iэтащхьэхэу 1986 гъэм къалъхуа Шыбзыхъуэ Залым, 1991 гъэм къалъхуа Щэрий Астемыр, 1982 гъэм къалъхуа Ныр Вячеслав сымэщ. Щыри федеральнэ Iэнатlэм къыщалъыхъуэрт, хабзэхъумэ органхэм, прокуратурэм я лэжьакIуэхэр яукIыну зэрытеуам, нэгъуэщI щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр ялэжьауэ къызэралъытэм къыхэкIыу.

Зэхэуэр щекIуэкIа щIыпIэм автоматхэр, шэуэ куэд, лагъым Iэрыщ Iу зыбжанэ къыщагъуэтащ. Къызэрыгуэкl цIыхухэм ящыщу зыми фэбжь игъуэтакъым.

Мы къэхъукъащIэм теухуауэ зыхуэфащэ Iуэхухэр зэхагъэкI.

● Терроризм пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и хъыбарегъащIэ центрым къет

Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэм щыIэ бандэ гупхэм я Iэтащхьэу щы яукIащ

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Кфар-Камэ къикIа ди лъэпкъэгъу цIыкIухэр «Адыгэ псалъэм» и хьэщIэщ

Тхьэмахуитlым нэблэгъауэ ди республикэм щохьэщIэ Израилым щыIэ Кфар-Камэ жылэм къикIа адыгэ ныбжьыщIэ гуп.

ХЭКУЖЬЫМ зыплъыхьакIуэ къэкIуа щIалэ гупым я нэхъыжьхъэр ящIыгуу дыгъуасэ «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщIэщым кърагъэблагъат. «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыцl Мухьэмэд хьэщIэхэр кIэщу щыгуазэ ищIащ газетым и тхыдэм, абы и напэкIуэцIхэр дунейм къытехьэн, ар щIэджыкIакIуэхэм гурыхь ящыхъун папщIэ редакцэм щылажьэхэр абы зэрелIалIэм. Ди хэкуэгу цIыкIухэми жалэн я куэдт, упщIэ гуэрхэри яIэт. Ахэр я гуапэу бысымхэм ядэгуэшащ зыхуэзэ я хэкуэгухэр, здашхьэ щIыпIэхэр къаззрыщIыхьуам теухуа хъыбарэмкIэ.

Редакцэм и къудамэхэмрэ абыхэм щылажьэхэмрэ зрагъэщIыхуа нэужь, ныбжьыщIэхэр ирагъэблэгъащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и хэщIапIэм. Хасэм и тхьэмадэ ХьэфыцIэ Мухьэмэд хьэщIэхэм саугъэтхэр яритащ икIи адыгэбзэр яIурылъу, хабзэм, тхыдэм щыгуазэу къызэрыхъухэм дызэрыригуфIэр, зэм-зэм я хэку къаззэхьэныгъэ гум къэкIыну дызэриГуапэр яжриIащ. Гупым я нэхъыщхьэ Iэпщэ Рустам бысымхэм фIыщIэ яхуищIащ апхуэдэ гулъытэ къызэрыхуащIам папщIэ. ЗэIущIэм и кIэухэу фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ.

ЩОДЖЭН Iэминат.

Мы махуэхэм

Шыщхьэуlум и 18, *махуэку*

♦**Азербайджанымрэ Къазахстанымрэ щагъэлъапIэ Гъунапкъэхъуэмэм и махуэр**

♦**1682 гъэм** Урысей Пащтыхыгъуэм и тет хъуащ Пётр Езанэр.

♦**1782 гъэм** Санкт-Петербург къыщыщIэуахащ Пётр Езанэм и фэеплъыр.

♦**1845 гъэм** къызэрагъэпэщащ Урыс географие зэгухьэныгъэр.

♦**1900 гъэм** урыс инженер Перский Константин къыхилъхьащ «телевиденэ» псалъэр.

♦**1920 гъэм** США-м и конституцэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьащ, цIыхубэхэми Iэ яIэтыну зэрыхуитыр къыщыгъэпсалъэгъуащ.

♦**1941 гъэм** КъБР-м тхьэмахуэ щIыхьэху щекIуэкIащ. Абы хэтахэм къалэжьа сом мин 300-р Зыхъумэжьыныгъэм хуэгъэпса фондым халъхьащ.

♦Нэмыцэ дипломат, адыгэхэм ятетхыха **Олеарий Iэдэм** къызэралъхурэ илъэс 416-рэ ирокIу.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, прунж гъэкIыным елэжь щIэныгъэ центрым и унафэщI **Хъурум Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

Шыщхьэуlум и 19, *мэрем*

♦**Гуманитар дэIэпыкъуныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Афганистаным и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

♦**США-м и авиацэм и махуэщ**

♦**1874 гъэм** урыс флотым къулыкъу щызыщIэхэм я фащэу къащатащ плIэ зэпрыдзыр.

♦**1895 гъэм** Лондон къыщызэрагъэпэщащ Дунейпсо кооператив зэгухьэныгъэр.

♦**1942 гъэм** Къардэн Къубатий Елхъуэт (Осетие Ищхъэрэ) и деж бийм и кхъухьлъатитI къыщIриудыхащ.

♦**1944 гъэм** Покрышкин Александр къэралым щыпсу Совет Союзым щэнейрэ и Пыхъужь хъуащ.

♦**1947 гъэм** С витаминыр зэхалъхьащ.

♦**1960 гъэм** Байконур космодромым тельэтыкIащ Белкэ, Стрелкэ хьэхэр зэрыса «Спутник-5» кхъухьыр. Ар щыщхьэуlум и 20-м къэтIысжащ.

♦**1991 гъэм** ГКЧП-м СССР-м чрезвычайнэ щытыкIэ щIигъуат.

♦Скульптор **Уэзы Заурбэч** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокIу.

♦КъБР-м, КъШР-м, АР-м щэнхабзэмкIэ щыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Бищlо Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокIу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къэжэр Валерий** къызэралъхурэ илъэс 67-рэ ирокIу.

♦США-м и 42-нэ президенту щыта **Клинтон Билл** и ныбжьыр илъэс 70 ирокIу.

♦Режиссёр, КъБР-м гъэзджэхэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дэбагъуэ Роман** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 23-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи щхьэ хуэпщIыжыр уи нэмысщ.

Экономикэ Политикэ

Махуэ

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Къаугъэ

Абыхэм къафІэІуэху Урысейм и къэкІуэнур?

Я улахуэхэмкІэ мыарэзы егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэм Медведев Дмитрий чэнджэщ ириташ бизнесым хыхьэну. Апхуэдэу хъумэ, урысей сабийхэр езыгъэджэн зэрамыгъуэтыжынум премьерыр игъэпейтеиуэ къыщІэкІынукъым.

МЫР къыщыхъуар «Кляэьмэ - губзыгъагъэм и щІыналъэ» урысейпсо щІалэгъуалэ егъэджэныгъэ форумырщ. Дагъыстэн университетым и егъэджакІуэм Медведевым жриІащ школхэм, вузхэм щезыгъаджэ ныбжьыщІэхэм я улахуэр сом мини 10 - 12-м зэрыщІимыгъар, къарузехьэхэмрэ полицэмрэ хэтхэм сом мин 50, абы нэхърэ нэхьыбэж зэраІэрыхьэр. «Сэ къызолъытэ дэ ди къалэныр мынэхъ цІыкІуу икІи жъуаллныигъэ нэхъ мащІи ди пщэ дэмыльу», - къыхигъэщащ абы. Медведевым идакъым: «Полицэм и лэжьыгъэр гугъуу икІи шынагъуэ зыпылъщ, псом хуэмыдэу Дагъыстэным екъэлІауэ, абы къыхэкІыу а тІур зэбгъапщэ хъунукъым». Иужьу щІигъужащ: «Сэ быдэ ди дэу си фІэщ мэхъу иджырей егъэджакІуэ жьыджэрым езым и лэжьыгъэм пэкІуэ улахуэм къыдэкІуэу нэгъуэщІ цьынкъуэ куэдкІи ахъшэ къызэрилэжьыфынру... Ар фІы дыдэу щыпхуэзфэкІыну Іэнатіэ куэд дыдэ щыщІэщэ мис а бизнес дыдэм».

ЕгъэджакІуэ куэдым а чэнджэщыр къалъытащ къэралым и къэкІуэнур зэлъытахэр зыгъэпуду. Зыхуэят яґуэту, щІакхъуэ Іыхьэ къыщІалэжьыным емыгупсысу педагогхэр яґъэпсэуным и пІкІэ правительствэм и Іэтащхьэм абыхэм яхуэгъэпІагъуэ лъэныкъуэкІэ ахъшэ къыщІалэжьыну е я Іэщ Іагъэр Іэщ Іыб ящыну. Зыри кьемычэнджэщу арыншами егъэджакІуэхэм лэжьыгъитІ, лэжьыгъитІым нэхърэ нэхъыбэ здадхь. Дауи, апхуэдэ лэжьэкІэм ауэ жьыжьэуи Іэмал къаритыркъым ирагъаджэхэм яхуэфэщэн щІэныгъэ ирагъэгъуэтыну. Хэбгъэзыхьмэ, загъэпсхуни яхуэзфІэкІыркъым.

ЖьытІэнщи, Урысейм хуэмыдэу зызыужьа къэралхэм егъэджакІуэхэм къыщалэжь полицейхэм нэхърэ мынэхъ мащІэ, уеблэмэ, нэхъыбэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, США-м абыхэм я улахуэ курытыр доллар мини 4 - 4,5-м, Франджым доллар мини 2 - 2,6-м щынос. Сложь, абыхэм я властхэм щІэпхьаджагъэм пэщІэтыным гулъытэ щыхуамыщІу ара? Ауэ сытми щыхуащІрэ, ауэ абы къыдэкІуэу щогупсыс езыхэм я къэралхэм я Іэхуэхэр пщэдей зезыхьэнухэм. Дэ ди властхэр цІыху губзыгъэхэр мыхъуу цІыху къэгъэдэІуэгъуафІэхэрауэ къыщІэкІынущ зыхуейр - нэхъ мащІэ ящІэмэ, упщІэ гугъуу къуатынури нэхъ мащІэщ. Властхэр егъэджакІуэ лэжьыгъэм, къэралым и къэкІуэнур зэлъытатхэм я Іуэхур апхуэдэу Іэпэдэгъэпэ зэраращІыр публицист, Санкт-Петербург и Хабзэгъэсу зэхуэсым и депутат Вишневский Борис «напэр къаэремэщІэкІым и щыхьэт белджылыуэ» къилъытащ.

«ЛъэныкъуэкІэ ахъшэ къыщалэжьыну егъэджакІуэхэм чэнджэщ езыт цІыхур Правительствэм и УнафэщІу щыт хъунукъым», - жеІэ премьерыр тегъэкІыным къыхораджэу зэрызыхуагъаазэм І э щІэзыдза цІыху минхэм ящыщ зым.

«Кабминым и Іэтащхьэу щытын хуейр Іуэхум хэзыщІыкІ, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ цІыхуу. Дэ яджьпсту тлъагъур нэгъуэщІщ», - итщ Медведевыр трагъэкІыным къыхораджэу зэрызыхуагъаазэм. Путинным зэрызыхуагъаазэр тэмэмщ, ауэ къикІын щыІэкъым: уегупсыс зэрыхъунумкІэ, иджырей президентыр иджырей премьерым хуабжьу хуэарэзыщ.

ГРЕГОРОВ Максим.
«Мир новостей»

Урысейм къыщежьащ «къабзэхэмрэ» «мыкъабзэхэмрэ» ехьэлІа гурыІуэгъуэщІэхэр. Абы и лъабжьэр допингым теухуауэ спортым къыщыхъеяр къаугъэщ. Дыщыгугъынщ абы и фІыгъэкІэ (спорт, нэмыс, политикэ и лъэныкъуэкІэ) «мыкъабзэхэр» спортым хэдгъэкІыфынру. Ауэ ди гъащІэм и адрей І энатІэхэм ар щытхуэзфІэкІыну?

ДУНЕЙПСО олимп комитетым 2016 гъэм екІуэкІ Олимпиадэм урысей спортсменхэм ящыщ Іыхьэр хигъэхьэным теухуауэ къищта унафэм тІэкІу дигъэбэуэжащ. Арэзыщ емыкІу хэлъу къыхьифІахуэпэным щышына урысейхэр. Джэгухэм кІуэну зыхуэзфІэкІа спортсменхэри арэзыщ. Къэралыр Олимпиадэм ямыгъакІуэмэ Урысейм и пщІэр абы зэригъэлъэхьэнур къызыгурыІуэ политикхэри арэзыщ.

НэхъыкІэ дыдэр къыщыщІакъым (дыщыгугъынщ абы). Допингым пэувыныкІэ къызэрагъэпэща Комиссэр СпортымкІэ министерствэм и унафэм зэрыщІэмытми гугъэ уегъэщІ Урысейм а мыгъуагъэр щхьэщахыным и Іэхуэм яужь ихьэну.

Щэху дыдэу пІэрэ?

Допингым егъэщІылІа къаугъэм къиргъэлъэгъуащ урысей спортым уз хьэлъэ къызэрефыкІыр. Ауэ, Урысейм и Олимп комитетым и президент Жуков Александр и къэпсэлъэныгъэм и ужькІэ, тлъэмыкІыу дегупсысащ мыбы: спортым и закъуэу пІэрэ дэ ди Іуэхуэхэр щымыщІагъуэр? Ди гъащІэм и нэгъуэщІ Іэнатіэхэм я дежкІэ деплъэкІын хуэмейуэ пІэрэ? Абыхэми дащрихьэлІэрэкъэ спортым ехьэлІауэ Жуковым жьхуиІа лыпх ізхэм? Урысейр дунейм спортымкІэ щынэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ къэралщ, спортыр мыбы щыгъуэращ лъэпкъ Іуэхуу. ЦІыху мелуани 146-рэ щІэпсэу Урысейм щыщу мелуан 20-м щІигъур зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм хэтщ. Хузбгъэфэщэну гугъущ абыхэм ящыщу зыми допингым теухуауэ зыри зэхимыхауэ. Уэ зы гуп цІыкІум зыщыбгъэсамэ икІи уи ґыусэхэм я къаурр здынэсыр пщІэмэ, зыгуэрхэм я къуэуа ґыуэжькуийр быдэу пыщІащ Урысейм къращІылІа информацэ зауэмк.

Абы и закъуэкъым

Урысейм и Олимп комитетым и унафэщІ Жуков Александр дыкъигъэгугъащ (Тхъэ иІуэуэ жьпІэ хъунущ) иджы къыщыщІэдзауэ допингыр Урысейм щамыгъэІэжьыну. Абы ар игъэзэщІну къыщІэкІынущ: Іуэхум лъэныкъуэ псомкІи мыхьэнэшхуэ иІэу къыщІэкІащ. Медаль «мыкъабзэхэм» ятеухуауэ кьалэта псалъэмакъыр иджыри къудрэ ужьхьынукъым.

Ауэ дэ дощІэ Жуковым зи гугъу ищІа «лыпх ізхэр» зыхэтыр спортым и закъуэу зэрыщымытыр. Ахэр кьайуэІащ ди гъащІэм и Іэнатіэ куэдым. «Къабзэхэмрэ» «мыкъабзэхэмрэ» жиІэу гуэша хъуащ къэралыр. «Мыкъабзэхэр» куэду щызэтрихащ къулькъыщІэ нэхъыщхьэхэм, къэралі Іэнатіэхэм щылажьэхэм я деж, къэралкорпарцэхэм, политикэм. Дэ тлъагъуркъэ къэуноэуа ліакъуэлІэшхэм, таурыхъэм хэт хуэдэ, я унэ уардэкэр, щІалІэ абрагъуэхэр, ябгъэдэль мылъкушхуэр, хьгуґъуэфІыґъуэхэр, езыхэм я бынхэм къыхуащэху кхъуэхьлъатэхэмрэ? Ахэр ПІалъэ кІэщІкІэ хьэлэлу улажьэу хэпщэхуфынкІэ Іэмал зимыІэщ. Зыми и дежкІэ щэхуу щытыжкъым корпуцэр, къэралі заказэхэм зэрарифджэгу, мылъку къызэрытрахыр, рэкетыр... А псори допингым хуэдэу ди гъащІэм къыхэзыващ. Иужь мазэхэм кІуэ пэтми нэхъыбэрэ кьоІу Іулъхьэ кьеІыізыха, мылъку ззэзыпІэфалІэ губернаторхэм, кьалэ унафэщІхэм, министрхэм, кьулыкъущІэ нэхъыщхьэхэм, судыщІэхэм, прокурорхэм я ятеухуа хьбархэр. Мылъку зэпъэфэлІэнымк щыдихьэхащ къарузехьэ, хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм. Уеблэмэ, коррупцэм пэщІэтын пащІэ къыззэрагъэпэщахэми. Иджы дыдэ къэтщІащ илъэсипщІ куэдкІэ къабзэ дыдэу къэтлъытэу щыта Іэнатіэхэри зэрымыхьэрэмышІэр. Къэралыр мэкІий: «Зыдвгъэгъэзкъэбзэж!»

КьыкІэрыхуами, икІэм-икІэжьым властым зэхиха хуэдэщ а кІий макъыр. Прокуратурэ нэхъыщхьэм жиІащ къэралі заказэхэр кІэлъыпІъыныгъэ тКІий дыдэм зэрыщІигъуэвэнур - мыбдежщ Іулъхьэ нэхъ инхэр щызекІуэр. ДляпкІэ къэралі заказэхэр я бынхэм, Іыхьлыхэм, благъэхэм, я ныбжьэгъу-жэрэгъуэхэм, я щІасэ цІыхубзхэм тыншу иратыжьыфынукъым. Хэбгъэзыхьмэ, ЗыхъуажьыныгъэмкІэ министерствэм, МВД-м, ФСБ-м я къэралі заказэхэми кІэлъыплъынущ, иджыри къэс апхуэдэ щыІакъым. Мы Іуэхур псынщІэу ирагъэкІуэкІыну къыщІэкІынуц: Прокуратурэ нэхъыщхьэм яхуиґъуэващ пэжьыгъэм къриІуэхэр 2016 гъэм и кІэмрэ 2017 гъэм и пэщІэдзэмрэ фІэмыкІыу зэхалъхьэжьну. Уегупсыс зэрыхъунумкІэ, апхуэдэ пщэрыпыр зигу къэкІар Путин Владимиру къыщІэкІынущ. Тетыґъэр зейхэм я псэукІэр кІуэ пэтми нэхъри ящхьэщокІ къулейсыз хуэ цІыхухэм я псэукІэм: иджы бюджетым хуэІыгъэкъыркъым япрэйгэр икІи ар зэпІэзэрытыґъэр къызэпызыуд Іуэхуу уваш. «Гуп дыґъэлхэр» кхъжьадикъэпу, къэралми щыналъэми коррупцэр щриудыхыну Путиным ищІа мурадыр зэрыбыдэр иджыблагъэ къиґъэпэґъащ къулькъущІэщхуэ зыбжанэ зэрыригъэкІам. Хьым ихуар нэхъапэхэм хуэдэу мыхьэнэншэхэратэкъым, атІэ губернаторхэрт, полномочнэ лІыкІуэхэрт, къулькъушхуэ зезыхьэхэрт. Зыґуэр къикІыу пІэрэ? Зэманы къытхуэнэжар мащІэщ. Ди гугъэщ Путин Владимир зыщІидза Іуэхум пищыну.

КОСТИКОВ Вячеслав.
«Аргументы и факты»

● ПсэукІэ

«Къабзэхэмрэ» «мыкъабзэхэмрэ»

Ахэр ди деж зэгуэр щызэхагъэкІыну пІэрэ?

зэфІэкІым телъыджэу псынщІэ дыдэу зэрыхэхъуэм гу лъымытэну гугъущ. НэгъуэщІу жьпІэмэ, допингыр ди спортым зэи щхъуу щыщытакъым. Сыт атІэ спортсменхэм, тренерхэм, политик гупхэм япэґъунэґъу спорт жьыларэуэм зыри щІыжьмыІар?

Ахъшэшхуэхэр

Абы и жэуапыр къэлъыхьэн хуеиихэкъым. Спортым (Урысейм хуэдэу, дуней псоми) ахъшэшхуэ дыдэ щагъэкІэрахъуэ, щІэуфауэ зэрагъакІуэри абыхэм яхэту. Абыхэм ящыщ Іыхьэр спорт къулькъущІэхэм, спортым пэґъунэґъу къаруэхьэлъэуэщІапІэхэм ялжьакІуэхэм, спортым пэґъунэґъу бизнесым хэтхэм я жьпхэм къохутэ. ЩІэнхабзэми хуэдэу, спортыр ахъшэхэр щагъэкъэбзэж, налог дэпщапІэхэр кьащагъэт, сатуушхуэ къыщекІуэкІ Іэнатіэ зэрыхъурэ куэд щІащ. Ар езым и ухуэкІэ зиІэж, хабзэ мытхаэхэм ткІийуэ тет криминалыр хуабжьу зыхэпщІа къызэґъэпэщынымґъэ ґуэрщ. Уахэзагъэмэ - удрагъэтеинущ, уахэмызагъэмэ - уагъэльеинущ.

НэґъуэщІи щыІэщ: щэнхабзэми хуэдэу, цІыхур тыншу спортми лъэІэсыф. Абы къыхэкІыу езым и политикэ зэфІэкІым хигъэхъуэн папщІэ, къэралым ар кьегъэсэбэп цІыхухэр къызэрыдишэх пропагандэ кьару лъэщу икІи ґъэщІэґъэнэкъым спортым щыізекІуэ щэхуэхэр политикэм, экономикэм хуэдабзэу быдэу зэрыщІэуфар. Апхуэдэ дыдэу допингым егъэщІылІауэ ди къэралым къыхуэуа ґъуэжькуийр быдэу пыщІащ Урысейм къращІылІа информацэ зауэмк.

Абы и закъуэкъым

Урысейм и Олимп комитетым и унафэщІ Жуков Александр дыкъигъэгугъащ (Тхъэ иІуэуэ жьпІэ хъунущ) иджы къыщыщІэдзауэ допингыр Урысейм щамыгъэІэжьыну. Абы ар игъэзэщІну къыщІэкІынущ: Іуэхум лъэныкъуэ псомкІи мыхьэнэшхуэ иІэу къыщІэкІащ. Медаль «мыкъабзэхэм» ятеухуауэ кьалэта псалъэмакъыр иджыри къудрэ ужьхьынукъым.

Ауэ дэ дощІэ Жуковым зи гугъу ищІа «лыпх ізхэр» зыхэтыр спортым и закъуэу зэрыщымытыр. Ахэр кьайуэІащ ди гъащІэм и Іэнатіэ куэдым. «Къабзэхэмрэ» «мыкъабзэхэмрэ» жиІэу гуэша хъуащ къэралыр. «Мыкъабзэхэр» куэду щыізэтрихащ къулькъущІэ нэхъыщхьэхэм, къэралі Іэнатіэхэм щылажьэхэм я деж, къэралкорпарцэхэм, политикэм. Дэ тлъагъуркъэ къэуноэуа ліакъуэлІэшхэм, таурыхъэм хэт хуэдэ, я унэ уардэкэр, щІалІэ абрагъуэхэр, ябґъэдэль мылъкушхуэр, хьґуґъуэфІыґъуэхэр, езыхэм я бынхэм къыхуащэху кхъуэхьлъатэхэмрэ? Ахэр ПІалъэ кІэщІкІэ хьэлэлу улажьэу хэпщэхуфынкІэ Іэмал зимыІэщ. Зыми и дежкІэ щэхуу щытыжкъым корпуцэр, къэралі заказэхэм зэрариґъэґъу, мылъку къызэрытрахыр, рэкетыр... А псори допингым хуэдэу ди гъащІэм къыхэзыващ. Иужь мазэхэм кІуэ пэтми нэхъыбэрэ кьоІу Іулъхьэ кьеІыізыха, мылъку ззэзыпІэфалІэ губернаторхэм, кьалэ унафэщІхэм, министрхэм, кьулыкъущІэ нэхъыщхьэхэм, судыщІэхэм, прокурорхэм я ятеухуа хьбархэр. Мылъку зэпъэфэлІэнымк щыдихьэхащ къарузехьэ, хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм. Уеблэмэ, коррупцэм пэщІэтын пащІэ къыззэрагъэпэщахэми. Иджы дыдэ къэтщІащ илъэсипщІ куэдкІэ къабзэ дыдэу къэтлъытэу щыта Іэнатіэхэри зэрымыхьэрэмышІэр. Къэралыр мэкІий: «Зыдвгъэгъэзкъэбзэж!»

КьыкІэрыхуами, икІэм-икІэжьым властым зэхиха хуэдэщ а кІий макъыр. Прокуратурэ нэхъыщхьэм жиІащ къэралі заказэхэр кІэлъыпІъыныгъэ тКІий дыдэм зэрыщІигъуэвэнур - мыбдежщ Іулъхьэ нэхъ инхэр щызекІуэр. ДляпкІэ къэралі заказэхэр я бынхэм, Іыхьлыхэм, благъэхэм, я ныбжьэгъу-жэрэгъуэхэм, я щІасэ цІыхубзхэм тыншу иратыжьыфынукъым. Хэбґъэзыхьмэ, ЗыхъуажьыныгъэмкІэ министерствэм, МВД-м, ФСБ-м я къэралі заказэхэми кІэлъыплъынущ, иджыри къэс апхуэдэ щыІакъым. Мы Іуэхур псынщІэу ирагъэкІуэкІыну къыщІэкІынуц: Прокуратурэ нэхъыщхьэм яхуиґъуэващ пэжьыґъэм къриІуэхэр 2016 гъэм и кІэмрэ 2017 гъэм и пэщІэдзэмрэ фІэмыкІыу зэхалъхьэжьну. Уегупсыс зэрыхъунумкІэ, апхуэдэ пщэрыпыр зигу къэкІар Путин Владимиру къыщІэкІынущ. Тетыґъэр зейхэм я псэукІэр кІуэ пэтми нэхъри ящхьэщокІ къулейсыз хуэ цІыхухэм я псэукІэм: иджы бюджетым хуэІыґъэкъыркъым япрэйгэр икІи ар зэпІэзэрытыґъэр къызэпызыуд Іуэхуу уваш. «Гуп дыґъэлхэр» кхъжьадикъэпу, къэралми щыналъэми коррупцэр щриудыхыну Путиным ищІа мурадыр зэрыбыдэр иджыблагъэ къиґъэпэґъащ къулькъущІэщхуэ зыбжанэ зэрыригъэкІам. Хьым ихуар нэхъапэхэм хуэдэу мыхьэнэншэхэратэкъым, атІэ губернаторхэрт, полномочнэ лІыкІуэхэрт, къулькъушхуэ зезыхьэхэрт. Зыґуэр къикІыу пІэрэ? Зэманы къытхуэнэжар мащІэщ. Ди гугъэщ Путин Владимир зыщІидза Іуэхум пищыну.

КОСТИКОВ Вячеслав.
«Аргументы и факты»

● США

ФІыкъым ар

Обамэ и пхъур марихуанэ ефэу яубыдащ

Илъэс 18 зи ныбжь Обамэ Малия, США-м и президентым ипхъу нэхъыжьым, наркотикхэр зрихьэлІащ Чикагэ «Лоналуза» музыкэ фестивалыр щыщкІэкІуэ зэманым, етх New Work Post газетым. Видеом щыбольагъу марихуанэ зыхэлъ тутыным ещхь гуэр хъыджэбзым зэриІыгъыр.

Пэжщ, къаугъэр къыщыхьеяр Иллинойс штатым хуит щащІ наркотик псынщІэхэр щызрахьэлІэну. Езы президент Обами илъэс зыбжанэ и пэкІэ зиумысыжьыґащ щыщІалэм марихуанэ ефэу зэрыщытамкІэ.

ҐащІэ ґуэзґум тоувэ президентым ипхъу адрейри, илъэс 15 зи ныбжь Наташэ. Абы лэжьэн щыщІидзащ Массачусетс щыІэ ресторанэм. Ауэ, пэжщ, ар яхъумэн хуей мэхъу Іэщэфі дыдэхэмкІэ зэщІэуэзэда цІыхуихьм.

ЧЕСНОКОВ Эдвард.
«Комсомольская правда»

● Абы дегъэпІейтей

Хэхъуэхэм кІэроху

УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм зэрыжиІэмкіэ, бюджетым ирипсоуэм 2017 гъэм и кІэуэм яритын улахуэ къэралым иІэжьнукъым. «Губзыґагъэ зыхэлъ унэтІыныґъэхэм я щІыналъэ-2016» урысейпсо щІалэґъуалэ егъэджэныґъэ форумым къыщыщІпсалъэм, УФ-м финансхэмкІэ и министрым и япэ къуэдзэ Нестеренкэ Татьянэ къаґуригъэІуащ Урысейм зэригъэпэща гъэтІылъыґъэ псори 2017 гъэм зэраухьынур: «Зыри зэдмыхъуэкІыу щытмэ, кьыкІэльыкІуэ гъэм и кІэуэхм дэ ґъэтІылъыґъэ, Іэмали диІэжьнукъым улахуэхэр ттын и лъэныкъуэкІэ, дэ экономикэ Іуэху гугъуэхэр къытлъыкІуэкІынущ. Псом хуэмыдэу дызыґъэґузавэр бюджет Іэнатіэрщ».

2014 гъэм кризисым зэрыщІдзэрэ къэралым и унафэщІхэм мызэ-мытІэу къыджаІэрт гугъуехь нэхъ инхэр кьызэдэнэкІауэ, зыкъэтІэтыжу. Арщхьэкіэ зыґуэркіэ «зыкъэтІэтыжу» иужькІэ зэи зыми илъэґъуакъым. Дэнэ атІэ иджы министрым и къуэдзэм и жьэнахуагъэр кьызідгікІар?

ІэщіагъэлІхэм жаІэхэм ятепщІыхьмэ, урысей экономикэр щыхуІэм хуокІуэ. Абыхэм хуагъэфащэ щІыдагъэ баррелым и уасэр доллар 50-м къикІыу 40-м нэс кьежьынкІэ хъуну. Абы Банк Нэхъыщхьэр иріхулІэнущ сомыр нэхъри ґырґъэхуэхьыну.

Экономикэм нэхъахъшэхуэ халъхьэну къыщІэкІынущ, ауэ ахэр щытынущ зи уасэр ехуэха сомхэу. Экономикэм зэран къыхуэхъункІэ хъунущ нэґъуэщІ дунейпсо Іэзхуэхэри: Китайр кризисым хьыхьэнри, США-м и президенту Трамп хахынщ, нэґъуэщІхэри.

Экономист зыбжанэм нэхъри дагъэзугэзавэ: мы ґъэм и кІэуэм щІыдагъэм и уасэр доллар 35 - 30-м нэскІэ ехынкІэ хъунущ. ИтІанэ, 2017 гъэм и пэщІэдзэм щґъэжьауэ, щІыхуэм улахуэ зэрырытыну ахъшэ яІэжьнукъым.

Экономикэм и Іуэхур зэрымыщІагъэм щыхьэт тохъуэ ҐъэтІылъыґъэ фондымрэ ПІэпкъ къулеиґъэмкІэ фондымрэ я мылъкур зыхуэдизым теухуауэ Минфинным ипсалъэ щыщІалъхуа Бижо Аскэр. УФ-м и Президентым и Указкіэ абы ЛІыхъужьыґъэ орден къратащ.

Республикэм и Іэтащхьэм зэрыжиІамкІэ, наградэр къыІэда сэлэтым и адэ-анэм иратыжащ.

- Дэ ди къалэныр абыхэм къеуэлІа гузэвэґъуэшхуэр зыґуэркіэ ящыщґъэпсынщІэну аращ, - итхащ КІуэкІуэ Юрий. - Ди республикэм и къуэ пэж Бижо Аскэр Олег и къуэр ди щІыхуэхэм зэи ящыґъупщэнкъым.

Къата хъыбархэм къызэрыщыґъэлъэґъуамкІэ, Бижо Аскэр хэкІуэдащ террористхэр ди вертолётхэм я ТІысынІэм накъыґъэм и 24-м щытеуам. Ар Сирием щыхэкІуэда урысей сэлэт епщыкІутхуанэщ. Аскэр щхьэґъуэсэ къызэришэрэ илъэситІ хъуауэ арат.

ЮЖНЫЙ Михаил.
«Комсомольская правда»

● Къырым

Къагъэуэну хущІэкъуащ

Киев и мурадащ хытІыґынукъуэм террор щІэпхъаджагъэу 20-м щІигъу щилэжьыну

Бзаджэнаджагъэр зыґъэхьэзырыр Украинэм зыхъумэжьныґъэмкІэ и министерствэм и тІасхъэщІэх Іуэхущ Іапіэ нэхъыщхьэрт. Урысейм и ФСБ-м къызэритамкІэ, диверсантхэм лагъымхэр къыщагъэуэнут «нэхъ мыхьэнэ ин дыдэ зиІэ Іэнатіэхэм».

- ПСОРИ зыхуэґъэзар хэхыныґъэхэм зыщыхуагъэхьэзыр зэманым щытынкІэр щыхэзыґъэхьэнырт, - щыжаІащ ФСБ-м жьыларэуэ зэпыщІанэґъэхэмкІэ и центрым (ЦОС). Щыщхьэґуэм и 7-м и жэщым Кърым Республикэм и Армянск кьалэм и Іэшэлъашэхэм къарузехьэхэр щапэщІуэвэн хуей хъуащ диверсант ґупым. Зэхэуэм хэкІуэдащ ФСБ-м и лэжьакІуэ. ЩІыпІэм Іэрыщі кьагъауэ Іэмэпсымэхэу 20, тротил килограмм 40 я лъэщагъуу, щэхэр, лъэсырыкІуэдзэм и бийуэ кьагъэсэбэп лагъымхэр, гранатэхэр, Іэщэ хэхаэр, нэґъуэщІхэр къыщагъуэтащ. Сыт «Іэщэ хэхаэр» зищІысІр? Ахэр псы щІагъми щы щхьэфэми щэхуу цІыху щыбґукІыну Іэмал кьозыт Іэщэщ. Малъхьэдис лагъымхэр кьагъэсэбэп кхъухьэр щІрагъэлъэфэн, автомашинэхэр кьагъэуэн папщІэ.

Апхуэдэ бомбэ иджыблагъэ къыщыуащ Луганск. ІэщІагъэлІхэм кьалъытэ ЛНР-м и Іэтащхьэ Плотницкий Игорь зыцкІыну хэтахэри Украинэм щагъэхьэзырауэ.

- Кърымыи и щыналъэм лъэныкъуэ щрагъэзащ Украинэм зыхъумэжьныґъэмкІэ и министерствэм и тІасхъэщІэх Іуэхущ Іапіэ нэхъыщхьэм и агентурэр, - къет ФСБ-м и ЦОС-м. - Украинэмрэ Урысеймрэ я цІыхухэу диверсантхэм ядэІэпыкъуу щытахэр яубыдащ. Абыхэм ящыщ зыр Запорожье областым щыпсэу, Украинэм зыхъумэжьныґъэмкІэ и министерствэм и тІасхъэщІэх Іуэхущ Іапіэ нэхъыщхьэм и лэжьакІуэ Панов Евгенийуэ къыщІэкІащ.

Иджы гурыІуэґъуэщ Кърымым Украинэм хуиІэ къэралі ґъунапкъэр махуэ зыбжанэкІэ зэхуэщІауэ щІыщытам и щхьэусыґъуэр.

- Украинэм зыхъумэжьныґъэмкІэ и министерствэм и тІасхъэщІэх Іуэхущ Іапіэ нэхъыщхьэр аргуэру тІэу хущІэкъуащ диверсант-террорист ґупхэр Кърымым къиґъэкІуэну, - къыщыдґурагъэІуащ ЦОС-м. - Ауэ ар къызэпаудащ ФСБ-м и къарухэм. БзаджащІэ ґупхэм я щІыб къыдэт украин зауэлІхэр хьтІыґынукъуэм Іэщэкіэ кьеуэрт. Зэхэуэм хэкІуэдащ Урысейм ЗыхъумэжьныґъэмкІэ и министерствэм и зы дзэ къулькъущІэ.

ЦІыхухэр куэду щызэхуэс щІыпІэхэр, псом хуэмыдэу зыґъэпсэхуґІэхэр, сакъыу яхьумэ, - щыжаІащ ЦОС-м. - Кърымымрэ Украинэмрэ я ґъунапкъэр кІэлъыплъныґъэ тКІийм щІагъэуващ.

БОЙКО Александр.
«Комсомольская правда»

КъБР-м и Іэтащхьэм хэІущІыІу ищІащ ди лъэпкъэґъу щІалэр Сирием зэрыщыхэкІуэдар

● Гуауэ

Бижо Аскэр щалъхуа щІыналъэм къашэжри щІалъхьэжащ. Хэкіуэдам къыхуагъэфэщащ ЛІыхъужьыґъэ орденыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хэІущІыІу ищІащ Урысейм и дзэ къулькъущІэхэм ящыщ зы арґуэру Сирием зэрыщыхэкІуэдар. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Бижо Аскэрщ. ЩІалэр накъыґъэм и кІэуэхм хэкІуэдащ икІи хэкум къашэжри щыщІалъхьажащ. Абы ЛІыхъужьыґъэ орденыр къыхуагъэфэщащ.

- ДУНЕЙПСО терроризмэр къызэтегъэуэвыІэным хуэґъэзауэ ди къэралым щхьэмыгъаззу иригъэкІуэкІ бэнэныґъэм, ди жагъуэ зэрыхъущи, хэщІыныґъэхэри къыдокІуэ, - иритащ КІуэкІуэ Юрий езым и официальнэ Инстаграмым. - Къыхуагъэува кьалэнхэр лІыхъужьыґъэ хэлъу иґъэзащІэуэрэ, Сирием щыхэкІуэдащ Аруан районым щыщ Нарткъалэ къыщащІалъхуа Бижо Аскэр. УФ-м и Президентым и Указкіэ абы ЛІыхъужьыґъэ орден къратащ.

Республикэм и Іэтащхьэм зэрыжиІамкІэ, наградэр къыІэда сэлэтым и адэ-анэм иратыжащ.

- Дэ ди къалэныр абыхэм къеуэлІа гузэвэґъуэшхуэр зыґуэркіэ ящыщґъэпсынщІэну аращ, - итхащ КІуэкІуэ Юрий. - Ди республикэм и къуэ пэж Бижо Аскэр Олег и къуэр ди щІыхуэхэм зэи ящыґъупщэнкъым.

Къата хъыбархэм къызэрыщыґъэлъэґъуамкІэ, Бижо Аскэр хэкІуэдащ террористхэр ди вертолётхэм я ТІысынІэм накъыґъэм и 24-м щытеуам. Ар Сирием щыхэкІуэда урысей сэлэт епщыкІутхуанэщ. Аскэр щхьэґъуэсэ къызэришэрэ илъэситІ хъуауэ арат.

ЮЖНЫЙ Михаил.
«Комсомольская правда»

● Сингапур - телъыджэхэм я къалэ

Ипщэ-къуэкІыпэ Азием и ХытІыґуэм тет мы къалэ-къэралі мыиным, Сингапурым, щыплъагъуэр апхуэдизкІэ телъыджащ икІи куэдщи, уи нэхэр, плъэмыкІыу, пІэпах. Абы щыІэщ хытІыґуэр пІалъэ кІыхькІэ зи унафэм щІэта Инджылызым и мызакъуэу, хьэрыпэ къэралхэми, Китайми я архитекторхэм я Іэдакъэщэкіхэри, уеблэмэ, Индиер уигу къэзыґъэкІыж мэжджыт цІыкІуи. Мы къалэ-къэралі дахащэр дунейм и щыналъэ псоми икІа цІыху куэд щыпэкІу щІыпІэщ.

● Меларды рыбжэхэр

Пушкиным и къуэпсыр

Усакіуэм къытехъуікІа, илъэс 25-рэ зи ныбжь щІалэр герцог меларды рыбжэ зэуэ хъуащ

Инджылызыр мэщыґъуэ: зэуэзэпсэу ІІалщ Вестминстер и герцог - илъэс 64-рэ зи ныбжь лорд Гросвенор Джеральд, зи мылъкум и куэдґъымкІэ къэралым ещанэ увыпІэр щызыІыґъа цІыхур. Абы бґъэдэлъ фунт стерлинґ меларди 9.

Пащтыхь унагъуэм щыщхэр, британ лІакъуэлІэшхэр хуогузавэ фызабэм - Вестминстер и герцогиня Гросвенор Наталье. Герцогым и къуэ Хью щІэным и нэхъыбэр Іэрыхьащ. Ар Инджылызым и меларды рыбжэхэм я нэхъыщІэ дыдэщ.

Наталье ябы и къуэ Хьюрэ Пушкиным ипхъу Наталье и щІэблэхэм ящыщщ. Нассау пащтыхь унагъуэм къыхэкІа пащтыхьыкъуэм дэкІуа иужь, ар графиня фон Меренберг хъуащ. И ґъащІэ псор Висбаден нэмыщ къалэм щрихьэкІащ, 1913 гъэм ІІащ.

Гросвенор Наталье и шыпхъу нэхъыжь, герцогиня Аберкорн литературэм кууэ хэзыщІыкІ школакІуэхэм папщІэ Пушкиным и саугъэт игъэуващ, ахэр апхуэдэу кьегъакІуэ Санкт-Петербург. Наталье и нэґъуэщІ шыпхъу Кроули Маритэ Русэ Демис и уэрэдхэм псалъэхэр щІилъхьэу щытащ, апхуэдэу езыр къызытехъуікІа Пушкин Александр теухуа «УсакІуэмрэ пащтыхьымрэ» оперэм и либреттэр итхащ.

Гросвенор Наталье дунейм ехьажа принцессэ Дианэ и ныбжьэґъу дыдэу щытащ, ар япэґъунэґъущ Инджылызым и пащтыхь унагъуэм.

ТУБОЛЬЦЕВЭ Наталье.
«Комсомольская правда»

Напэкіуэціыр зыґъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлІэу

Апхуэдэущ къэралыгъуэр зэрагъэбыдэр

Къытщіэхъуэ щіэблэм анэдэлъхубзэр егъэджы-ныр мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэщ икІи ціыхьэ зыпылъ къаІэнщ, сыту жыпІэмэ лъэпкъ тхыдэр, хабзэхэр, нэщэнэхэр, гупсысэкІэмрэ псэукІэмрэ къозыгъащіэу щыІэр а зы Іэмалырщ - бзэращ а псоми я хъумакІуэр. Илъэс 95-рэ хъуауэ къэралыгъуэ хуиту псоу, абыи а екъулІэныгъэм хуэлажьэ ди ціыхубэм ноб зыри зэран къытхуэхъуркъым ди бзэр зетхьэжьи, абы адэкІи зеда-гъэужьын, едгъэфІэкІуэн папщІэ.

АНЭБЗЭМ нэхъро нэхъ ІэфІрэ лъапІэрэ зэрыщымыІэр сыщысабийм си лъым хыхьауэ щытакІэщ сэ. Абы кхьихэІыуи балигъ сыхъуу гъащІэм Іэщіагъэ къыщыщыхэсхьн щыхьэзэмрэ литературэмрэ нэхъ кууэ зджыну, иужькІэ, Іэщіагъэ зэзгъэгъуэтмэ, бзэм и Іэфіагъыр сабиипсэм зыхищіэным, абы пщіэ хуищіу къэгъэтэджыным си къару псори есхьэлІэну мурад сщІат. Си гуращэхэр къызэхъулІащ икІи илъэс плІыщІым щІигъуауэ псэ хьэлэлу сыпэрытщ щіэблэр егъэджэн Іэнатіэм. Си гъащіэ насыпым и зы Іыхьэшхуэщ си Іэщіагъэр къызэрызгъбжыр.

КъызэрыслъытэмкІэ, егъэджакІуэм, псом хуэмыдэу анэдэлъхубзэр сабиим есыгъащіэм, и кьалэныр щіэблэм щІэныгъэ куу етыным и закъуэкъым, атІэ апхуэдэу ныбжьыщІэхэм лъэпкъ гъэсэныгъэ екІу яхэлъхьэнымкІи, щалъхуэ щЫналъэр, Хэкур фІыуэ ялъагъуу къэгъэтэджыным икІи, пщІэ-нэмыс жьыхэтІэхэр зэрахьэныжкІи лэжьыгъэ ин дыдэ зэфІихыпхъэщ. Аращ ди усакІуэмуэ КІыщокъуэ Алим апхуэдэ Іэщіагъэлэхэр игъэльапІэу щЫжиІар: «Бзэр дзэыгъащіэр Тхьэм иуэзщІ, Дунейм и фІыгъуэм щремыщІэ».

Тхыдэ гъуэгуанэ кІыхь икІи гугъу зиІа ди лъэпкъым и нэхъыжьхьэм нобэм кхьахьэсыфащ ди хабзэ дахэхэр, тхуахъумэфащ ди анэдэлъхубзэр. Ауэ щыхъукІэ, ди адажьанэжьхэм къащіэна бзэм дэ Іупщіэ хуэтщІыжьынщ икІагъэщ. Ноб, Тхьэм и фІыщІэкІэ, ди анэдэлъхубзэм гулъытэ хуэтщІыну дыщьхуит зэманщ. Мы дунеишхуэм зы къэрали теткъым ди дежь лъэпкъ мащІэхэм я бзэм щиІэ пщІэм хуэдиз щигъуэт. АбыкІэ диІэ хуитыныгъэхэр къэдгъэсэпу долажьэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджэн. Методикэ пэрытхэр Іуэхум хэтпщэным дыхущІэкъуу, дерс зэІуахэмрэ урок нэужь лэжьыгъэхэмрэ ящІыгъуу, компьютерым и Іэмал зэмыліуэжьыгъуэхэри дерсхэм хьдогъэхьэ. Сызэрыплъэжьа ильэсхэм ззэгъэпэщащ класс щІыб лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэм я сценарий куэд. Абыхэм яхэтщ литературнэ пщыкъэщхьэхэм, тхыльеджэхэм я зэІуцІэхэм, кружокхэм я лэжьыгъэхэм, диспутхэм, конференцхэм ятеухуахэр.

ЕгъэджакІуэ ныбжьыщІэхэр бзэм, литературэм нэхъри дихьэхыныжкІэ хуабжьу сэбэп мэхъу егъэджакІуэхэм я зэхьыхьэхэр, еджакІуэхэм папщІэ къызэдгъэпэщ зэпеуэ зэмыліэужьыгъуэхэр. Абыхэм ящыщу кхьыхэзгъэщыну сыхуейт Іуэху зехьэкІэ хьэлэмэт куэд зи утыку кхрахьэ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэ-фестивалыр. Апхуэдэу адыгэбзэр езыгъэджэхэр, адрей предметхэмкІэ ІэщіагъэлІхэм яхуэдэу, жьыджэру дыхэтщ «Егъэджэныгъэ» къэралпсо проектым ипкъ иткІэ екІуэкІ зэхьэзэхуэм икІи щІэж-щІэхьыгъэ пашэ дыщохъу.

«Си анэдэлъхубзэр фІыуэ сольагъу», - жьыпІэу ущыскІэ зэфІэкІыркъым - ар уи гъэсэнхэми я псэм хэлъу къэбгъэхъун хуейщ, абы папщІи фи ныдэ, щІэныгъи, зэфІэкІи фемыблэж», - яжьзоІэ егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэм. Апхуэдэ жэуаплыныгъэ зыхьэм хуиІэрэ бзэм и къэхъунум папщІэ и гур, и псэр пІейтеймэщ анэдэлъхубзэр езыгъэджэжэм цІыхубэ гулъытэ лъагэрэ жылагъуэ щІыхьрэ къыщахьынур.

Мыбдежьым къыхэзгъэщыну сыхуейт щапхъэу бгъэлаГъуэ хъуну Іуэху зехьэкІэ пэрыт зиІэ ди егъэджакІуэхэм я бжьыгъэм хуэзыгъэ зэпыту зэрекІуэкІыр. Анэдэлъхубзэр щІэблэм яІурызылъхьэ, ар езыгъэдж лэжьакІуэфІхэм я цІэщІэхэр зэхьдох зы илъэси къэмынэу. СащогуфІыкІ абыхэм икІи си гуапэу сохъуэхъу я гъащІэмрэ я мурадхэмрэ зэтехуэу, лъэпкъымрэ анэдэлъхубзэмрэ я зыужьынныгъэм хуэгъэпса я хъуэпсапІэхэр къайхъулІэу куэдрэ псэуну. Зы лъэпкъыр, къэралыр, адыгэ щІыналъэр фІыуэ зылъагъуэхэм аращ я лэжьэкІэ мардэр. Апхуэдэущ къэралыгъуэри зэрагъэбыдэр.

ДЫЩЭКІ Марие,
КъБР-м и цІыхубэ егъэджакІуэ.

● ФщІэн папщІэ

ДыщІагъуами, зихъуэжакъым

Урысейм и Пенсэ фондым и Іуэхущіапіэхэм цІыхуэхэр щыщІоупщІэ пенсэм сыт хуэдиз хэхъуами. ПФР-м и къудамэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущіапіэм щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, цІыхуэхэм къаІэрыхьэ ахъшэр езыхэм процент гуэрхэмкІэ ягъэбагъуэ.

АУЭ ЩЫХЪУКІЭ, страховой пенсэм, жьы хъуам, ныкъуэдыкъуагъэ зиІэм, зыпІыр зыфІэкІуэдам иратым щыщу хагъахъуэр (индексацэ) езы пенсэращ, къыдыщІагъур (ФСД) хэмыту.

2016 гъэм мылажьэ пенсионерхэм нэхъ мащІэ дыдэу ират пенсэр Къэбэрдей-Балъкъэрым сом 8095-м щыпэсащ (федеральнэ ахъшэу къыщІагъур хэту).

Щапхъэу къэтхьынщ мылажьэ пенсионерым и пенсэр къызэрабж щІыкІэр: псалъэм и хьэтыркІэ, 2016 гъэм щЫышылэм и 1-м ирихьэлІэу жьыгъэмкІэ хуагъэува страховой пенсэр сом 2903,85-рэ, жьыгъэмкІэ страховой пенсэм хущІагъур сом 4383,58-рэ хъурт - псори зэхэту сом мини 7-рэ 287,43-рэ. Федеральнэ социальнэ дзэпыкъуныгъэу къыщІагъур (ФСД) сом 807,57-рэ мэхъу, 2016 гъэм псэун папщІэ Іэмал имыІэу зыхуеинум (сом 8095-рэ) нэсын папщІэ.

2016 гъэм мазаем и 1-м ирагъэкІуэкІа индексацэм и ужькІэ, жьыгъэмкІэ страховой пенсэр 2903,85 х 1,04 = сом 3020-м, жьыгъэмкІэ страховой пенсэм дыщІагъур 4383,58 х 1,04 = сом 4558,93-м мэхъу. Псори зэхэту сом 7578,93-рэ.

Федеральнэ ахъшэу дыщІагъур иджы сом 516,07-рэщ зэрыхъур. Араща, 2016 гъэм цІыхур псэун папщІэ Іэмал имыІэу зыхуеинум (сом 8095-рэ) нэсын папщІэ.

Къэтхьа щапхъэр и щІыхьэтщ 2016 гъэм мазаем и 1-м щыщІэдзауэ екІуэкІа индексацэм зыкІи зэрызримыгъэхъуэжам пенсэр зыхуэдизу щытам.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жансурэт.

● ДифІ догъэлъапІэ

МЭСТАФЭ Вячеслав:

Адыгэ Іэпщіэлъапщіагъэм зэрызезгъэсам сыхущІегъуэжыркъым

Урысейм и цІыхубэ Іэпщіэлъапщіэ, УФ-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм хэт Мэстафэ Вячеслав къыхиха Іэщіагъэм и гур хэпщІауэ хуэпэжми, абы зэи хуеджакъым. ГъукІэным, дыщэидэм, арджэным, уанэ щІыным я щэхуэхэр езыр-езыру къихутэжащ, нэхъыжь закъуэтІакъуэхэр и щІэгъэкъуэну. Адэжьхэм я Іэщіагъэхэр ихъумэрэ ар къытщІэхъуэ щІэблэм яхэзылъхьажьну хущІэкъуэхэм ящыщщ Вячеслав.

«И Іэпэм дыщэ къыпощ», хужаІэу абы пасэ зэманым пщІэшхуэ щиІэнут. Нобэ-щэ?..

Мэстафэм и Іэдакъэщіэкіхэм я гъэлъэгъуэныгъэ Урысей Федерацэм и щІыпІэ куэдми, хамэ къэралхэми къыщыщэрагъэпэщащ, абы и лэжьыгъэхэр цІыху щхьэхуэхэм я коллекцэхэм щахъумэ.

Тхыгъэр згъэхъэзырын ипэ Вячеслав теухуауэ ятха гуэрхэр къэслъытхъуати - згъэутакъым. Ар ящыщкъым утыку зыфІэфІхэм, фэрыщІыгъэ зыхэзгъэхэм. Абы илъэс щыщым щІигъуауэ лъэпкъым къыхуиІэтуадэр «къыщІетхуэж», абы хуигъэлажьэ мастэр и Іэпэ «щыхуэжь» куэдрэ къэхъуащ. НэгъуэщІ зыгуэрым Тхьэм кърита зэфІэкІыр зэрищэжрэ куэд щІат. Мэстафэр зыхуэпэпсейр мылъкукъым икІи быныкъым, атІэ лъэпкъ щІэныкъуэ, Іэм и хуабагъ зыхэлъ хьэпшіпхэр ди япэ итахэм зуэфащэу зехьэнырщ.

Зи зэфІэкІыр къуэпсыбэ Мэстафэм и Іэдакъэщіэкіхэм хуэдэу, гъащІэм хуиІэ бгъэдыхьэкІэри гъэщІэгъэнщ, гупсысэ куукІэ гъэнщІащ. Лъэпкъ Іэпщіэлъапщіэ пэрытхэм ящыщу кьалъытэ Мэстафэ Вячеслав нэхъ гъунэгъуу фэдгъэщІыхуэмэ ди гуапэу депсэлъыпІащ И ныбжьыр илъэс 60 щрикъум ирихьэлІэуи, къыджиІахэм щыгъуазэ фахудощІ:

Лъагъуныгъэр псоми я къежьапІэщ

Лъагъуныгъэр - ар зэман пыухыкІакІэ уи гупсысэр зэта, акъылыр зытеуха гуэрщ. Удэзыхьэхар нэхъыбэрэ къызэрыпщІыхуным ухущІэкъуурэ лъагъуныгъэм ухуокІуэ. Сэри апхуэдэ лъагъуныгъэщ сыхьэт сиІэ Іэщіагъэм сыхуэзышар. Ильэс пщыкІухьым лэжьэн щІэздзэри, Іэнатіэ 13-м щІигъу зэсхъуэкІащ, ноб сызыпэрытым сыхуэкІэн ипэ. ИльэС 27-м ситу Іэщіагъэ псори сІэщІэужэгъуат. Аргуэру сыдэзыхьэхын къэлъыхъуэурэ дэрбзэр гуэрым и деж сыщыпэжьну сригъэблагъэри, Іэщіагъэр сфІэгъэщІэгъэн хъуащ. ИужькІэ адыгэ тхыпхъэщІыпхъэхэм я щІыкІэр ззэгъэщІэну яужь ситуэрэ сыдихьэхащ. Сыщіэупщіэмэ, къызжезыІэн згъэтыртэкъыми, тхыпхъэр Іуданэ зырызу зэпкърыс-зэпкърыслъхьэжурэ и дыкІэр хъэзубыдыр. Іэщіагъэм и щэхуэр жезгъэІэну зызыхуэзгъащІыжьхэми сызыхуейр тыншу къасхупыхьртэкъым. Хэти хуейтэкъым Іуэхум сыхиГъэгъуэзэну, хэти ІэщіэгъупщіыкІыжати, кьезгъэщІэжьын папщІэ сыхьэт зыбжанэкІэ сеуэрщэрыліэурэ сабгъэдэт. ПІыжьиплІрэ зы нанэрэщ зыгуэр ящІэжу си гъащІэм сызрихьэлІар.

Апхуэдэурэ сыдэзыхьэха Іэщіагъэм илъэс щэщІым нэблигъэуэ и щэхуэхэр кхьэотІэщІри, сухьыркъым. Лъэпкъ тхыпхъэщІыпхъэхэмрэ абыхэм я къэгъэсэбэпныкІэмрэ я мыхьэнэр кхьыбгурыІуэмэ, ядимыхьэхынкІэ Іэмал иІэкъым. Ди лъэпкъым кхьыщІэна фащэхэм, Іэрыкіхэм сыщеплІкІэ зы лъэныкъуэкІэ сигу хохъуэ, нэгъуэщІ лъэныкъуэкІи зэфІэкІ зиІахэм сохъуапсэ. Абы щыгъуэми, апхуэдэ хьэпшіпхэр къызэрагъэщІ. Іуэхум и лъэныкъуэкІэ ахэр тэмэму кьызэгъэпэщатэкъым.

Урысей этнографие музейм Кавказым, Къэзахъстанымрэ Азие КурытымкІэ и къудамэм и унафэщІ Дмитриев Владимиррэ сэрэ адыгэхэм я Іэдакъэщіэкіхэу музейм щІэлъхэм ятеухуа тхьІэ иджыблагъэ кьыдэдгъэкІащ. Мазихым щІигъукІэ музейм сыщІэсати, зэи ямыгъэльэгъуа хьэпшіп куэдым сурэт тесхри тхьІэлъым изгъэуащ. Согугъэ ар куэдым яхэущхьэпэну. ТхьІэлъыр и бжьыгъэкІэ мин хъууэ Санкт-Петербург кьыщыдэдгъэкІащ.

Музейм щысІьэгъуа хьэпшіпхэм сигурэ си щхьэрэ зрагъэбгъэжащ. Сыту хъыджэбз Іэпэ Іэсащэхэр диІа! Александр Ещанэр и щхьэгъусэ Мариие Фёдор и пхъур и гъусэу Кавказым кьыщыкІуам, адыгэпщхэм абы тыгъэу иратауэ щыта бостейр сльэгъуащ. Узримыгъэплъу дахэщ. Абы лэжьыгъэшхэу зэрырахьэлІар зымыпъэгъуам и фІэщ пхуэщІыныкъым, ауэ нэхъыщхьэр аракъым, атІэ езы фащэм и зэхэпльэкІрщ. Нэхъ ипэІуэкІэ зи гугъу щІа лъагъуныгъэр яхэмыльамэ, апхуэдизу зэкІужу яхуэдынут ар?! Мыщіэльэгурыдэ, тхэпхъэ, уагъэ... а бостейр зымыгъэдахэр сыт?!

Тхыдэм къыхэщьж зы гъэщІэгъуэн бжесІэнщ. Пасэ зэманым хъыджэбзхэм чысэ цІыкІу яІэти, абы и лъэныкъуэкІэ зэмыщьку хэдыкІат. ЗымкІэ тет тхыпхъэм хъыджэбзым псэгъу хуэхъунур кьыззрилъыхьуэр, адреймкІэ тращІыхьам унагъуэ ихьэну хьэзыр зэрыхъуар кьигъэльагъуэрт. Пльагъуэр адыгэхэм щІагъыбзэу яІар?! Апхуэдэ щапхъэхэр куэд мэхъу. ТхыпхъэщІыпхъэхэм «уеджэну» хуабжьу гъэщІэгъуэнщ. Лъэпкъ гупсысэм и кууагъэр кьыщыбгурыІуэнур мис ахэр зэбгъэщІа иужьщ.

Си Іэщіагъэм зыгуэрым сыдригъэхъэхуэ схужьІыкІэнукъым, езырезыру сыхуэкІуащ, хуэм-хуэмурэ сызыщІишащ. Ауэ къэхьапІэ схуэхъуар си адэшхуэ-анэшхуэм кьызэгъэдалъхьа хуабагъэрщ, дахагъэрщ. Ахэр нобэр кьыздэсым си лэжьыгъэхэм хьэуохуанэри, сІэщІэуэрэкъым.

Фащэм я нэхъ дахэр хьэл-щэнырщ

Фащэ дыным зэманышхуэ токІуадэ. Фащэ кьызэрыгуэкІ хуейкъм а пІалъэр кІыхьу къащьхьІуну кьыщІэкІынщ, апхуэдизкъм щхьэкІэ хъунщІэ псынщІэету дэхэр диІэщи - абыхэм яхуэзоунэтІ. Абы и теплъэр, зэхэлъыкІэр, тетыну тхыпхъэхэр бубзыхуу, ар хэбдыкІыныр Іуэху цІыкІукъым.

Ди лъэпкъ фащэр апхуэдизкІэ нэгъэсауэ зэхагъэуэващи, зыгуэр хэпхмэ - фагъуэ мэхъу, хэппльхьэмэ - цІуугъэнэ пфІохъу. Фащэр зыщыгъым фэ къытрегъаУэ. Дуней псом фащэ нэгъэсауэ (классическэу) 6 тету аращ. Адыгэ фащэр абыхэм ящыщщ. Апхуэдэу щытми, фащэм я нэхъ дахэр цІыхум и хьэл-щэнырщ.

1989 - 1992 гъэхэм республикэм Щэнхабзэмкіэ и фондым эстетикэ гъэсэныгъэмкІэ и центрым сыщІалажьэу, курыт школ №2, №20-хэм лэжьыгъэм щыхъугъасэ дерсхэр щезгъэкІуэкІын хуейуэ сагъэкІуати, езгъаджэхэм ящыщу ныбжьыщІэ 14-щ абы схудегъэхьэхар. Гупжьей яхьэззгъэпэщри ядэлэжьэн щІэздзати, зыриз-тІурытІурэ кІэрыхужьурэ, зы пщащэ закъуэщ ар Іэщіагъэу кьыхэзыхар. 1993 гъэм Мейкъуапэ хъыджэбзищ кьыкІри ильэс ныкъуэкІэ си деж зыщагъэсауэ иджы а Іэщіагъэм иролажьэ, фащэ яд, хадыкІ. Уеблэмэ езыхэми ныбжьыщІэхэр яГъасэ. Фащэ зыду, хэзыщІыкІыу диІэ пщащэхэм я нэхъыбэм адыгэ тхыпхъэщІыпхъэхьэм кьагъэсэбэныр. Ар си жагъуэ мэхъу.

Хэплъхьэм хуэдиз къыпухуэхьжьыркъым

Творчествэр - къаруушхуэ зытекІуадэщ, уи гъащІэри зэманри щыхьэнщэу зыхьщ, абы хэплъхьэм хуэдиз зэи кьыпухуэхьжьынукъым. Къохъу зы жэщым гъэщІэгъэн гуэр уи щхьэм кьыщихьы, кІыхьлІыхьу гупсысэр кьыщыпхуэхьІуи. А гупсысэм уемылажьэмэ, абы зумыгъэужьмэ, жьым ихььжьынщ. Ауэ щыхъукІи, уи гъащІэр тыхь хуэпщІами, абы тыхьэж пщІэ, уасэ зэи бгъэутыжьынукъыми, ар Іэщіагъэу кьыхэзых дэтхэнэри абы хуэхьэзырмэ нэхъыфІщ.

Шы зиІэракъым, атІэ уанэ зиІэращ шууейр

Уанэгу щхьэнтэ хъудейм шы уасэ хуагъэуву щытащ пасэ зэманым. Ар пщІыну зэрыгугъуракъым щІэлъапІэр, бланэм ицат ы абы иралъхьэ уасэр дэзыгъэуейр. Бланэ 20-м щІигу текІуадэрт зы уанэ пщІыным. Абы дыжьынрэ дыщэу текІуадэрщэ?! Адыгэ уанэм пльэщІыхьэн зыхуэщІ зы пльэкъи дуней псом теткъым. Ар дымыхъумэмэ, лъэпкъым къытхуигъэгъуну?

ЖысІэракъым, сщІэращ нэхъыщхьэр

Къэскіуа гъуэгуанэм, си Іэдакъэ къыщІэкІаxэм сахоплъэж, си гъэсэнхэм сакъэплъоплъри, адыгэ Іэпщіэлъапщіагъэм зэрызезгъэсам, ар Іэщіагъэу къызэрыхэсхам сыхущІегъуэжыркъым. Дэрбзэру зи деж сыщылэжьа щІалэм: «Уэ лэжьыгъэ тельыджэхэр пхуощІ, ауэ упсэуху уэыхащІыкІынукъым, мы Іэщіагъэм мылъкуи ирипхуэщІынукъым», - жиІати, пэжу къыщІэкІащ.

Си деждкІэ сытым щыгъуи нэхъыщхьэр жысІэракъым, атІэ сщІэращ. Льэпкъым и псэр зыхэлъа Іуэхуэзрщ сызыхуэпабгъэр.

Сщіэну сызыхуэхъуапсэ Іуэху куэд щыІэщ. Къуэбыдэ деж ди пщыкъэзэркъыжьхэр иужьрейуэ щыхагъэщІам, щызэщІакъуэжа Іэщэ-фащэр Артиллерием, инженер, связь дзэхэм я тхыдэ музейм щІэлъу жаІэри, абыхэм сурэт ятесхьу тхыльу кьыдэзгъэжІыжьыну сохъуапсэ. ЦІыкъуб фащэ сигу загъэу куэдрэ здащ. Уэркъхэм, пщыхэм зэрахьэу щыта цІыхухъу фащэр зэфІэзгъэуэвжьныр си хъуэпсапІэщ. Мурадхэр си куэдщ, ауэ «шыщІэ къамылъхум уанэ тралъхьэркъым», - жеІэ адыгэм. Сэри а Іуэху еплъыкІэр сфІэтэмэщ.

Гуныкъуэгъуэр

Гуныкъуэгъуэ мыкІуэщІу сиІэр адыгэ Іэпщіэлъапщіагъэм зыхуэзыгъэсену хуей щІэблэ дызэримыІэщ. Зырыз-тІурытІ къыхэкІыр зыгуэрым хуэІэрыхуэ зэрыхъуу, творчествэр Іэщіагъэ ящІри, ахъшэ хэлэжьыным дехьэх.

Дэнэ кІуа ди хъыджэбз Іэпщіэлъапщіэхэр? Пэжкъым абыхэм я Іэзэгъыр зэманым дэкІуэдар. Фэдэныр, бжэныфэр изышын диІэкъым. Іэщіагъэр зэрыпэщэщэнфем ягъэщхьэх. Іуэхум пэрохьэ, мазэ-мазитІкІэ зыхуэрагъасэри, мэкІуэдыж. НэгъуэщІ мыхъуми, мазиххІэ зыхуэзгъасэ жьысІэуэрэ зэрыхъуу, творчествэр Іэщіагъэ ящІри, ахъшэ хэлэжьыным дехьэх.

Дэнэ кІуа ди хъыджэбз Іэпщіэлъапщіэхэр? Пэжкъым абыхэм я Іэзэгъыр зэманым дэкІуэдар. Фэдэныр, бжэныфэр изышын диІэкъым. Іэщіагъэр зэрыпэщэщэнфем ягъэщхьэх. Іуэхум пэрохьэ, мазэ-мазитІкІэ зыхуэрагъасэри, мэкІуэдыж. НэгъуэщІ мыхъуми, мазиххІэ зыхуэзгъасэ жьысІэуэрэ зэрыхъуу, творчествэр Іэщіагъэ ящІри, ахъшэ хэлэжьыным дехьэх.

Си жагъуэ зэрыхъунщи, цІыху Іэпщіэлъапщіэхэм хуащІ пщІэр мащІэ дыдэ хъуащ. Нэхъыжьыуэхэр щыпльэщэн кІыщ. Къаугъуеиям, си щІалэгъуэхэр уэрамым дэтщ. Ахэр дэкъытщІэмыувэмэ, льэпкъ Іэщіагъэм хэт къыпльэщыщэнур? Фабрикэшхуэхэр дывгъэухуэ жьысІэркъым сэ, адыгэхэм яІа технологиер схъумэжыну сыхуейуэ аращ. СызэрегупсысымкІэ, ар гугъукъым. Іэщіагъэм зезыгъэсэну хуей закъуэтІакъуэм нэгъуэщІ мыхъуми гъуэгупщІэ тхуету щытамэ, ари хъарзынэт. ЩІакъуэ Іыхьэ уасэ къымылэжьу щІалэшхуэхэр дауэ зэрыбгъэхьэлеинур? ДахэжьІэщи, дыкъагъапщІэ, дыкъагъэгугъэурэ, гугъэ мыхъум Іур дыдж ещІ.

Епсэлъар
ЩОМАХУЭ Залинэщ.

И Іэпэм дыщэ къыпощ

ІЭПЩІЭЛЪАПЩІЭ Іуэхугъуэр - дыщэкІ, гъукІэ, дэрбзэр, дыщэидэ хуэдэхэр - илъэсищэм щІигъуауэ къыдомэщІэкІ. Льэпкъ гупысысэм къыдгъэгъуэгурыкІуэ Іэпщіэлъапщіагъэр а льэпкъ гупысэр щымыІэмэ, уиІэнукъым.

Льэпкъ гупысэр къэуцыжьын щІидзэ иужькІэ Славик хуэдэхэр утыку кьихьэн щІадзащ. ІэпщіэлъапщІэшхуэщ, сыт хуэдэ Іуэхуми хозагъэ, «и Іэпэм дыщэ къыпощ» зыхужаІэм хуэдэщ. ЖыпІэнуракъэ, абы хуэмыщІ щыІэкъым. Щыгъынри ед, фэми хозагъэ, гъукІэнми хуэІэззщ, дыщэкІри къэхъулІэ. Мэстафэм хуэдэу диІэ Іэпщіэлъапщіэхэр Іэпхъуамбэкіэ къыпхуэбжьну мащІэщ. И Іэщіагъэр фІыуэ елъагъу, хещІыкІ, льэпкъ Іуэхур сыт щыгъуи егъэнэхъапэ. Апхуэдэхэр нэхъыбэу диІэу, абыхэм я Іэдакъэщіэкіхэр махуэ къэс къэдгъэсэбэлу, яда щыгъынхэр тщыгъыу дыдэту щытамэ, ди насыпт.

Мэстафэм сохъуэхъу льэпкъыр щІигъэгуфІэн Іэрыкі куэд иІэну, и гъукІэгъэсэнхэм къахэхъуэну.

ЦРЫМ Руслан,
КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ.

Льэпкъым зи гур хуэмыгъуэ

АДЫГЭХЭМ къадэгъуэгурыкІуа Іэпщіэлъапщіагъэхэм ящыщу Мэстафэ Вячеслав къемыхъулІэ щІэпкъым. Абы и щІыхьэтщ, «УФ-м и цІыхубэ Іэпщіэлъапщіэ» щІэ льапІэр къыхэзрыхуагъэфэщащ. ЛІэщІыгъуэ бжьыгъэкІэ ди адэжьхэм егупсыу зэрагъэпэща Іэпщіэлъапщіагъэм ди щІэблэр едмыгъасэмэ, льэпкъыр куэдкІэ нэхъ тхьэмыщІэкІэ хъунущ. «Бжьэ зэмыщІэзкъам фом и уасэ ищІэркъым», - жеІэ адыгэ псалъэжьым. Вячеслав хуэдэхэм я уасэр кІасэ мыхъу щІыкІэ къыдгурыІуамэ нэхъыфІт. Льэпкъ Іэщіэлъапщіэ нэгъэсакІэ уеджэ хъуну, а цІэм хуэщащэу цІыхуит-щы льэпкъым диІэу араща, абыхэм Мэстафэр яхэтщ. Абы льэпкъым хуищІар лэжьыгъэ цІыкІукъым. Иджыри куэдкІэ льэпкъыр бгъэщогугъри, ар и эмаными зэхэзыщІыкІын Тхьэм дищІ.

Вячеслав хуэдэ цІыхухэр льэпкъым димыІэжжмэ, сыт адэкІэ адыгэм къыптэплъэр? Ди щІынальэм зыхэщІэу къакІуэм адыгэ тхыпхъэщІыпхъэхэмкІэ гъэщІэрэщІа хьэпшіпхэмкІэ хуоупсэ. Ахэр тхуэмыщІыжжмэ, бзэр Іэщіыб тщІыжжмэ, адрей зэфІэкІыу диІэм сыт и мыхьэнэ?

Мэстафэр льэпкъым и къэкІуэнум хуэгумыгъуэу зэрыщІытым и зы щІыхьэтщ абы сытым щыгъуи гъэсэн цІыкІухэр зэрилъэр, ахэр кьиІпыхьэу зэпыту, гугъу задгурІэхьу зэрадзэлажьэр.

Узынщагъэ иІэу, гукъыдэж щымыщІэу Тхьэм ящыри илъэс куэдкІэ тхуигъэпсэу.

ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Руслан,
УФ-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм хэт.

Щэнхабзэм увыпІэ щхьэхуэ щеІыгъ

МЭСТАФЭ Вячеслав цІыхугъэ къызэрысхуэхъурэ ильэс тІощым щІигъуащи, абы бгъэдэлъ зэфІэкІым сохъуапсэ, езым грогушхуэ нобэр къызідэсым. Абы хуэзфІэкІащ ди япэ итахэм яІа Іэщіагъэр къызыхуэтынщэу кьигъэІэрыхуэн. И Іэщіагъэм хещІыкІ, къызэрымыкІуэу фІыуэ елъагъу. Вячеслав и Іэщіагъэм зэрыхущІытыр къыкІэрыгуІуэн папщІэ зы хьыбар ежеІэжьынщ.

Си ныбжьагъу щІалэм и хъыджэбзыр яшэнути, фащэ зрагъэдын къаІэрыхьуэу зыкъыщыхуагъэззам, Мэстафэр сигу къэкІри, абы и деж сшащ. Зэпсалъэурэ фащэр зэрадыну пІалъэм щыпсэсам, дызыщымыгугъэ зэхэтхащ. Си гъуэгэ Іуэхур тхьэмахуэ-тхьэмахуитКІэ зэфІэкІыну гугъэрт, фащэр зыхуей хуэзэу идын папщІэ Славик абы ильэситІ текІуэдэну жиІэрт . «Дыжьын Іуданэр зырызу сухуэнын хуейщ, аппликацэ тезгъапщІэмэ, зы тхьэмахуэми дызэфІэкІынущ, ауэ унагъуэм, льэпкъым зэІэпахьу зэрахьэн адыгэ фащэ нэгъэса ухуейм», ильэситІ нэхърэ нэхъ мащІэ текІуэдэнукъым. Сэ сыхуейкъым лэжьыгъэ нэмыщІыса дунейм тезутІыпщхьэну», - яхутекІакъым и псалъэм. Ахъшэ кьэлэжьыным дихьэхахэм ящыщтэмэ, «хьэуэ» жиІэнтэкъым. Абдежьым кьызгурыІуащ абы и Іэщіагъэм хуиІэ бгъэдыхьэкІэр икІи езыми хуэсщІ пщІэм хэхъащ.

Вячеслав и льэщапІэм гъукІэгъэсэн щІэмысу зэи кьэхъурэ.Пэжщ, абыхэм загъэса ижь я щхьэ Іуэху зэрахуэу, а Іэнатіэм ахъшэ къралэжьу йожьэж. И лэжьыгъэм кьыпльэщэн щІэблэм кьахэкІыным щІохъуэпсри, емызэшу а Іуэхум дэтхэнэри хуигъэсэнущ.

Мэстафэм и Іэрыкіхэр зыльэгъуахэм ар ягу дэмыхьэнкІэ Іэмал иІэкъым. Апхуэдэу Москва щыщу Іуэхутхьэбзэ кьыслуэзыщІа гуэр иризгъэфІэжьыну Мэстафэм дыщэидэ ищІа чысэ цІыкІу хуэсхьати, ар абы зэрыщыгуфІыкІар уи фІэщ хъункъым.

Вячеслав ильэс 60 хъууэ фІэщщыкІыгъуейщ. Абы и жьыщхь си нэгу кьыщыщІэзгъэхьэкІэ, и лэжьакІуэм дахитІымкІэ моуэ зыгуэрхэм епэщащу, зы телъыджэ гуэрхэр кьиГъэщІу, щІэблэ цІыкІухэр кьепщІэкІарэ кІэрэ пэрэ зимыІэ льэпкъ тхыдэр яхуиІуэтэжу сольагъу.

Ди льэпкъ щэнхабзэм Мэстафэм и увыпІэ щиІыгъыжщ, ар хэмытамэ, куэдкІэ нэхъ къулейсызу дызэрыщытынур шэч кьызытумыхьэнщ.

ЖЫЛЭ Анатолэ,
УФ-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм хэт.





Мэстафэ Вячеслав и Іэдакъэщіэкіхэм щыщхэр.

ВЭРОКЪУЭ Ибрэхьым:

Хэкужьым къыщепс дызэм ди гур егъэхуабэ

***ХЭКУ, АНЭ, БЗЭ псалъэхэм кулцІэшхуэ ящыкІыльщ. А щыри зэкІэщІэпч мыхъуу зэпхащ, псэм и зы чысэм илъу, зыр жьІгІамэ, адрей тІуми урагъэгупсысу. Сабий ныбжьым итхэмрэ зи щІалэгъуэмрэ а псалъэхэм я мыхьэнэр иджыри нэсу зыхамыщІэми, балигъыпІэ иуварэ щхьэусыгъуэ гуэркІэ Хэкум пІэлщІэ хъу дэтхэнэми и нэгу щІыкІыркъым и адэжь лъахэр, абы и теплъэмрэ и Іофіагъымрэ гумрэ псэмрэ щигъафІэу. Ар гъащІэм хэлъ пэжыгъэхэм ящыщ зыщ.**

Апхуэдэ гупсысхэм сыхишащ «Адыгэ псалъэм» и хьэщІэщым мы махуэхэм къытхуеблэгъа Вэрокъуэ Ибрэхьым дезгъэкІуэкІа псалъэмакъым. Адыгэ хэхэсхэм ящыщу Иорданиер псэупІэ зыхуэхуахэм ящыщщ Ибрэхьим. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым зы тхьэмахуэм щІигъэкІэ щыхьэщІащ, а хамэщІым къикІауэ ди щІыналъэм зыщызыгъэпсэхуэ гупым яхэту. Зигури зи псэри зэІухауэ хэкужьым къихьэжа Ибрэхьим упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

- Псом япэращи, ди гуапэщ адыгэ щІыналъэм уи лъэр зэрыщытебгъэувар. Хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ нэхъыбэрэ дызэкІэлъыкІуэмэ, ди Іуэхуэмкі зыдзэрыщІмэ, щэн хэмылъу, псэкІэ нэхъ зэпэгъунэгъу дыхъунщ. Уэ уи щІыпэ къакІуэ ди республикэм?

- Упсэу. Тхьэм и фІыщІэкІэ, сэ Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъапэІуэкІи сыщыІащ, уеблэмэ илъэс бжыгъэкІэ сыщыпсэуащ. Хамэ къэралрэм кІиКІ щІалэгъуалэм сахэту сэ сыщеджащ КъБКъУ-м. Университетым промышленнэ, гражданхуэныгъэмкІэ и факультетыр къэзуащ лІэщІыгъуэ кІуэм и 90 гъэхэм я кІэухым. Абы иужькІэ, Иорданием сымыгъэзэжу, си щІэныгъэм щыхэзгъэхъуащ Тэн Іус Ростов къалэм. Аспирантурэр 2001 гъэм къэзухащ, кандидат лэжьыгъэри екъулІэныгъэкІэ абы щыпхьзыгъэкІри, сызыхуеджа «ухуакІуэ-инженер» Іэщ Іагъэмкі щІэныгъэфІ зэзгъэгъуэтауэ Амман згъэзэжащ. Инженеру илъэситІкІэ сыпэжьа нэужь, Ливием сыІэпхъуэри абы и еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ щ ым илъэс зыбжанэкІэ щегъэжьащ ухуэныгъэмрэ инженериемрэ хуэгъэпса курсхэр.

АдэкІэ сыщыІащ Хьэрпуі Эмират Зэгуэтхэм. Абу-Даби, Дубай къалэхэм илъэси 9-кІэ сыщылэжьащ проектхэр щащІ Іэнатіэм срипашэу, подрядчикыу. Иджы Иорданием къэзгъэзэжауэ Амман дэт Аль-Исра уней университетым инженериемрэ ухуэныгъэмрэ щызогъэдж.

ЗэрыжысІащи, сэ щІыпІэ зыбжанэм сыщыпсэуащ, арщхьэкІэ дэнэ сыщымыІами, си щІалэгъуэр щызгъэкІуа си адэжь щІыналъэм нэхърэ нэхъ дахэрэ нэхъ Іэфірэ зыщІыпІи сыщрихьэлІакъым. Си пкъыр дэнэ щІыІэми, си псэр ящыщІэ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

мыбыкІэ къэпабгъэ зэпытщи, Къэбэрдейр си гум ихурькъым. Хэкужьым къыщепс дыгъэм си гур егъэхуабэ, мыбы си щІалэгъуэм сызэрыщыбэуа хьэуа къабзэм ноби къару къысхелъхьэ...

Аращ Іэмал зэрызгъуэту мыбы сызыщІэзгъэзэжар. Сэ хьэкІыу сощІэ: Хэкужьым и Іэфірыр зэнэхъ мыхъуми зыхэзэщІам, Кавказ къуршыжьхэм я теплъэ уардэр зэ зылъэгъуам, ахэр зэи игу ихунчъыкІи, Іэмал зэриІэуи, хэкум къэкІуэжу а гурыщІэр иджыри зэрызыхищІэным хущІэкъэунущ. Зэхэс адигэхэр адэжь лъахэм дызыщІешэ, малъхъдисым гъущІ кІапэ щыкІыкъэ, упсахуэхэр зэрызыщІишэм хуэдэу.

- **Иджырей зекІуэмэ, дауи, а гурыщІэ пъэщІращ и щхьэусыгъуэр. Хэкум лъагъунлъагъу къытхуэкІуэжа гупым тхутепсэлъэныхьит, Ибрэхьим.**

- Адыгэ лъэпкъым гурэ псэкІэ хуэлэжьэныр зи гъащІэ джэлэсхэм сащыщщ сэ. Си псэр пытыхуи, зэрыслъэкІкІэ си лъэпкъым сыхуэлэжьэнущ. «ПщІэр сыт?» - жьІэмэ, си жэуапыр мыращ. Илъэс зыбжанэ и пэкІэ Амман къыщызэрэгъэпэщащ Налшык къалэм дэт еджапІэ нэхъыщхьэхэр къэзыухахэм я щІэныгъэ, социальнэ-щэнхабзэ гъэсакІэ. Абы къызошаліэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ІэщІагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыхуеджэу Иорданием нэзыгъэзэжа хэкупсхэр. Ди клубыр йолэжь щІэблэм анэдэлъхубзэр егъэщІэным, ди лъэпкъ щэнхабзэм, хабзэхэм, тхыдэм ныбжьыщІэхэри балигъэри щыгъуазэ щІыным. Пекцэхэм дакъыхуоджэ, пшыхьэр зэхыдошэ, хэкужьым теуху фильмхэм идогъэплъ, адыгэбзэри урысыбзэри ядогъэдж щІалэгъуалэмэ нэхъыжьыІуэхэми.

Адыгэ лъэпкъхэм (унагъуэцІэхэм) я дамыгъэхэр нэхъ хьума хъун папщІэ, зэхуэсхэсыжащ ахэр икІи тхылъ щхьэхуэу къыдэзэгъэкІыжащ. Апхуэдэ тхылъхэр щызэбгрыкІащ Иорданием. Ахэр тыгъэ яхузощІ Къэбэрдейм сыщызрихьэлІэ щІыхуэхэми.

Ди пэжьыгъэкІэ дыпыщащ Иорданием щыІэ Адыгэ Фіыщ Іэ Хасэм. Абы и тхьэмадэ Кьардэн Самир хуабжьу щІыпс псэ къабзэщ, адыгэгу зиІэщ. Ди Іуэхуэхэр къыддеІыгъ, къыддегъэпсынщІэ.

Клубым некІуалІэ балигъхэм ящыщ гупщ иджырей зекІуэм хэтхэр. ЦІыху 28-рэ дыхъуу Къэбэрдей-Балъкъэрым дыкъэкІуащ, зыщытпльхьхьну, ди къуэшхэр, Іыхьлыхэр, благъэхэр къэдгъуэту зэдгъэпльагъуну. Гупым ди унафэщІщ адыгэ бзылъхугъэ щІэрыІуэ Нэгуэр Нэнси. Сэ гупым и Іуэхуэхэр зеэгъакІуэу аращ.

Гупым хэтщ Шакъымхэ, Бышмафхэ (Пщымахуэхэ), Мэлгуэшхэ, Нэгуэрхэ, Абыдэхэ, Вэрокъуэхэ ящыщ адыгэхэр, зэгъуэщІхэри.

- **СызэрыщыгъуэзэмкІэ, гупыр махуэ зытхухьм нэсауэ фыщыІэщ ди республикэм. Сыт хуэдэ Іуэхуэхэр зэфІэвгъэкІыфа, сытхэр зэвгъэлъагъуфа а зэман кІэщІым къриубыдэу?**

- Хэкужьым дызэрыщыІэну зэман кІэщІыр (ар махуи 8 къудей хъууэ аращ) махуэ бжыгъэкІи, уеблэмэ сыхьэт хэхакІи убзыхуауэ, къытпэщІыпІ Іуэхуэхэмрэ ди мурадхэмрэ ятещІыхьауэ щытщ. Абы къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым, абы и къалащхьэ Налшык я щІыпІэ дахэхэр зэдгъэлъэгъуащ, мыбы щыпсэу ди Іыхьлыхэм дахуэщащ, ди лъабжьэхэр къыщежьэ, ди унэкъуэцхэр щыпсэу адыгэ жылэхэм дыщыхьэщІащ. Гупсэхуу зыщыдгъэпсэхуащ Гуэл Щхьэнтэхэм, Іуащъхьэмахуэ, лъапэм, Шэджэм псыкъелъэхам, дытетащ икІи дыщыщэхуащ къалащхьэм и бзаджэхэм, хы адрыщІымкІэ къэдгъэна ди Іыхьлыхэм «адыгэмэ зыщыу» тІгъэ, саугъэт цІыкІухэр къахуэтщэхуу.

Кьынэмыщ Іауэ, КъБКъУ-м дыщыІащ икІи абы и унафэщІхэм дахуэзащ, Иорданием къикІ щІалэгъуалэр абы нэхъ тыншу зэрыщеджэ хуэну Іэмалхэм дытепсэлъыхьащ. Махуэкъм гупыр драгъэблагъащ КъБР-м и Правительствэм и Унэ. Абы дыщыхуэзащ икІи гуапэу къыщыдэпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд. Ди зэпыщІэныгъэхэр нэхъри нэхъ быдэ хъумэ, ІуэхукІэ дызэрыщІмэ зэригуапэр къыджиІащ Мухьэмэд. «Къэзыгъэзэжьын къыфхэкІми, ди нэ-ди псэу фыкъедгъэблагъэжьынущ, тпъэкІымкІи зыфщІэдгъэкъэунущ», - къыхиГъащІащ абы.

Ди гур хагъэхуащ, ди лъэр жан ящІащ апхуэдэ зэпхьэгъэм, зэхуэзэхэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Кьащтэмэ, а псори зрагъэлъэгъуа нэужь, ди гупым хэту къэкІуа цІыхуищым мурад быдэ ящІащ, Тхьэм жиІэмэ, хэкужьым зэман гъунэгъум къэзэжыпэну, унэ-лъапсэ къыщащэхуу. Зэ къэкІуэгъуэм къриубыдэу абы унагъуищ тегушхуэжамэ, ари куэд и уасэщ лъэпкъым и дежкІэ.

- **Ибрэхьим, шэч хэлъкъым апхуэдэ хъуэпсапІэ уэри уи унагъуэм щІэсхэми зэрывиІэм, ар фи гум илъу фызэрыпсэум. Фи нэхъыжьхэри къыфщІэхъуэ щІэблэри дыбгъэщІыхуамэ ди гуапэт. Абыхэми, уэ пхуэдэу, адыгэбзэ яІурылъ?**

- Сэ сыкъызыхэкІа Вэрокъуэхэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэ куэдым дэсщ, апхуэдэу а унэцІэр зезыхьэхэм ращрохьэлІэ Адыгеймі Шапсыгъэмі. Щыпсэу щІыпІэм емыІтьатуэ, Вэрокъуэхэ (Вэрыкъуэ жызыІи къытхтщ) псори дызэІыхьлы дыдэщ. Ди лъэпкъым щыІэ Хэкур ІэмалыншагъэкІэ япэу зыбгынауэ щытар си адэшхуэм и адэ Вэрокъуэ ПІатІт. Абы кІэлъыкІуащ и адэ Хьэтіал. Абыхэм Иорданием псэупІэ яхуэхъуащ. Си адэшхуэр ПІатІ и къуэ Ибрэхьимщ. Абы и щІэр сэ къысфІищыжащ си адэ Фэрукъу. Ар генералу щытащ, Иорданием и пащтыхьым и щхьэхъумэхэм яхэту лэжьащ. Ар и щыхьэтщ дыщыпсэу къэралым адыгэм дзыхь къызэрыщыхуащІым, пщІэ зэрыщыдиІэм. Тхьэм и фІыщІэкІэ, си адэри си анэри (абы и цІэр Лейлащ) схуэпсэущ.

Ди унагъуэм адыгэбзэ фІэкІа нэгъуэщІ бзэ гуэри щызекІуэрэкъым. Ди адэ-анэм я унафэщ ар. «Бжэм фебэкъуэмэ, фызыхэстым фызэгъэгъы, хьэрыпыбзэри къэвгъэсэбэп, ауэ унагъуэм фыкъыхэжа - фызэрыядыгэм и нэщэнэ нэхъыщхьэ дыдэр - адыгэбзэр - вгъэлажьэ, ар ІэщІыб фымыщІ! Бзэ зимыІэм лъэпкъ иІэкъым», - апхуэдэ хабзэ ткІий къытхуигъэуват ди адэм, быныр - си щыпхьуэху Данэ, Санэ, Саулэ, Сарэ, Тамарэ, си къуэш закъуэ Тамбий сымэ - абы зэи дебэкъуакъым. Зы адэ-анэ къалъхуахэр псорэ Амман дыщопсэу, ди дызэпэмыжьжьэу, Тамарэ къишІынэмыщІа. Ар Америкэм щопсэу, и адыгэ унагъуэр и Іэгуэру.

Нэхъыжьхэм я щапхъэм ирокІуэ унагъуэм ис нэхъыщІэхэри. Ахэри адыгэбзэщ зэрызэпсалъэр, Тхьэм и фІыщІэкІэ. Си къуэ нэхъыжь Сезар къыиухар пащтыхьыкъуэ Хьэмзэ и цІэр зезыхьэ адыгэ школщ. Абы анэдэлъубзэр фІы дыдэу щрегъэдж Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, хэкулІ нэс ЛъэфІыцІэ Мухьэмэд ипхъу Данэ. ЩІалэ нэхъыжьымрэ ди хъыджэбз пажэ Селинэрэ школыр къаухауэ университетым щоджэ. Сабий нэхъыщІэхэу Лейла, Мухьэмэд, Нарт сымэ иджыри школакІуэщ. Ахэр псори щІохъуэпсэ хэкур зрагъэлъагъуну. Тхьэм къытхуэзэпищэмэ, а хъуэпсапІэр нэхъапІэ тщІынщ.

Адэжь хэкум щыттъэуар, абы дыщызэрихьэлІа цІыхуэмрэ дызыхэта Іуэхуэхэмрэ абыхэм зэрыхуэтІуэтэжьыным дыхуопІащІэ.

- **Фежьэжми, гъэгу махуэ. Мы зекІуэр жэрдэм фщІыІуэ ди лъэпкъгъуэм (хэхэсхэми хэкурысхэми) я деж псапэу къыщыфхьар Тхьэм фхуигъэбагъэ, Ибрэхьим. Хэкур зэгъэгъуэтыжьным епха фи мурадхэри къывзэлъІэну ди гуапэщ.**

- Упсэу. Тхьэм жиІэ. ДяпэкІэ дежьэжьну ара къудейми, етІанэгъэ дыкъэкІуа зэрыхъунум щІэддзэуэ догупсыс. Гупыкіыгъуейщ ди адэжь щІыналъэр...

Епсэльар **ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**

● Узыншагъэ

Фэгъазэр зэвмыгъэуалІэ!

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм щекІуэкІащ фэгъазэ узыфэр къызыхэкІым, абы зэрызыщыпхъумэным теуху зэІущІэ. Абы хэтащ педиатрэр, терапевтэр, инфекционистхэр, эпидемиологхэр.

УФ-м УЗЫНШАГЪЭР хъумэнымкІэ и министерствэм узыфэ щхьэхуэхэм щахъумэу щІыхуэхэм зэман пыухыкІахэм мастэ зэрыхалъхьэм зэхъуэкІынигъэхэр иритащ. Апхуэдэу фэгъазэм щахъумэу мастэ зыхалъхьэхэм я ныбжьыр илъэс 55-м нэс ягъэІэпхъуащ.

ІэщІагъэлІхэр егъэгузавэ иужьрей илъэсхэм а мастэр зыхезымыгъалъхьэхэм я бжьгъэм зэрыхэхъуэм, сыт щхьэкІэ жьІэмэ дунейпсо Іэпхъуэщапхъэ Іуэхуэхэм зэрыкъуэкІыжьыр къыхэкІыу щынагъуэ щыІэщ узыфэ зэрыщІалэм зиубгъункІэ. Псом хуэмыдэу мастэр зыхрагъэлъхьэн хуейщ хамэ къэрал кІуэхэм, а узыфэмкІэ эпидемиологие щытыкІэр дуней псом зэрыщымыщІагъуэм ыкъэхэІыу. Сабийхэм нэхърэ балигъэр ягъэдкІэ нэхъ хьэлъэу егъэсымаджэ фэгъазэм, апхуэдэуи ахэр узым нэхъыбэрэ иІыгщ щІы и узыншагъэри кІыхьлІыхьу зэфІюувэж.

Къэбэрдей-Балъкъэрым фэгъазэм и мастэр сабий псоми (дин еплъыкІэхэм къыхэкІыу абы хуэмейуэ жызыІэ закъуэтІакъуэхэм щыщынэмыщІа), апхуэдэу узыфэр къызэуэлІэнкІэ шынагъуэ щыІэ балигъэхэми халъхьэ.

Хущхъуэр республикэм и поликлиникэ псоми яІэщ, узыфэм уэзрыпэщІэтыфкІэ хъуну щыІэри а зыращ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Зэныбжьэгъугъэ зэІущІэ

Ноби джэгупІэ губгъуэм къигъэхьэ

Апхуэдэу ди деж куэдрэ къыщыхъурэкъым икІи футболист цІэрыІуэ, СССР-м спортымкІэ и мастер, Урысей Федерацэм и чемпион Алчагиров Алий и ныбжьыр илъэс 50 зэрырикъум и щІыхькІэ Налшык и «Спартак» стадионым иджыблагъэ щекІуэкІа Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхьэрэ-Аланиемрэ я командэ нэхъыщхьэхэм я ветеранхэм я зэныбжьэгъугъэ зэІущІэм дзрэжэгъуэ ин къыдитащ.

Я НЫБЖЬЫР мащІэу хэкІуэтами, я щхьэцэхэр хэтхъуКІами, лы лей зыкІэрызыльхъа яхэтми, я гъащІэм и фІыпІэр тыхь зыхуащІа, цІыху мелуанхэр дзэхьэх топджэгум иджыри я гур зэретар наІуэт Налшык и «Спартак»-ми Владикавказ и «Спартак»-мрэ «Алания»-ми екъулІэныгъэ иІэу илъэс куэдкІэ 90 гъэхэм щыджэгуа Алчагиров Алий и юбилейм и щІыхькІэ къызэхуэса футболист цІэрыІуэхэм. Дэтхэнэми и щІэ куэдейм пщІэ зыхуигъэщІырт. Яхэтт абыхэм 1995 гъэм Урысейм и чемпион, къыкІэлъыкІуэ илъэсым - вице-чемпион владикавказдэсхэр зыщІа, европэпсо утыкум зыкъыщызыгъэлъэгъуа, Налшык и «Спартак»-р премьер-лигэм хэзыша куэд. Пэжщ, щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьахэкІыу кьрагъэблагъа псори мы зэІущІэм кьрихьэлІакъым.

Дауи, ветеранхэм я зэныбжьэгъугъэ зэІущІэхэр адрейхэм къащхьэщхьІ. Зэгуэрым зым адрейр къыпимыкІуэту щытахэр иджы пщІэ зыхуащІу, зыщысхьу зэпэщІэтщ, цІыхугъэмрэ ныбжьэгъугъэмрэ апэ ирагъэщу. Мыри апхуэдэу екІуэкІащ.

Джэгум щІидзэри дакъикъ дэкІуэу арат, налшыкдэсхэр апэ щищам. Мэшыкъуэ Асльэн зэуа топым хьэщІэхэм я гущхьэхъуэмэхэм ящыщ зым Іэкъ къригъэгъэзащ. ЗэІущІэм и судья нэхъыщхьэ Болэ Хьэсин метр пщыкІуэм и деж игъэльэгъуащ. И щІалэгъуэмэ хуэдэу, ар Іэзэу игъэзэщІащ Налшык и «Спартак»-м зэту топ нэхъыбэ дыдэ дзэгъэкІа Гъубж Вячеслав.

КъыкІэлъыкІуэ дакъикъэм Владикавказ къикІахэр пенальти еуэн хуей хъуащ. Зэгуэрым уей-уей жезыгъэІэу щыта Сулейманов Назим метр пщыкІуэм и деж щыту зэуа топым Кращенкэ Сергей къригъэгъэзащ. Ар зэрагъэзэщІа щЫкІэр игу иримыхьу, судьям аргуэру зэ пенальти къригъуэзэжа щхьэкІэ, ди гуащхьэтетым ефІэкІыфакъым. Иджы ар зыхуэзфІэмыкІар командитІми ехьулІэныгъэ иІэу хэта Исаев Щамилщ.

Дауэ хъуми, «Алания»-м бжыгъэр зэхуэдэ ищІыжьфащ. Ежьмрэ Іэщ Іагъэ дакъикъэм Битаров Роберт жьыжьу щыту лъэщу зэуа топым Кращенкэ къыхуегъэзэзакъым.

Абы иужькІэ джэгум къыхьыжьащ мы зэІущІэр къыщызэрагъэпэща Алчагиров Алий. И узыншагъэр зэкІэлъыкІуащэу щымытми, ар джэгупІэ губгъуэм фыкІэ къыщыхэщт. ЯпэщІыкІэ Налшык и «Спартак»-м, иужькІэ Владикавказ и «Алания»-м хэту ар и хьэку къызэрыкІэ джэгуащ. Уеблэмэ, хьэщІэхэм я цІэкІэ зы топديгъэкІыну хуэзфІэкІащ.

ЗэІущІэр зэрытемыгъэкІуаеу, 5:5-уэ, иуахащ. КъыхэжьаныкІахэм ящыщщ Чэрим Олег, Сулейманов Назим, Базаев Джамбулат, Къуныжь Анзор (тІэунейрэ), Бестаев Артур, Заруцкий Александр сымэ. АрщхьэкІэ нэхъыщхьэр джэгум къриКІуэ бжыгъэратэкъым, атІэ тоджэгум дихьэххэм я нэкІэ зэралъэгъуарщ сыт и лъэныкъуэкІи щапхъэ зытепх хуэну футболист цІэрыІуэхэр. Гуапэщ стадионым исахэм куэду зэрахэтар сабий-ныбжьыщІэ футбол школхэм я гъэсэнхэр - абыхэм дерс хъарзынэ ягъэтащ.

Джэгур щызэпаГъуэамрэ ар щиухамрэ ирагъэхьалІэри, зи ныбжьыр илъэс 50 иракъуэ Алчагиров Алий зэгъэлъэпІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымкІэ и министр Хьущт Аслъэнбэч абы иритыжащ ди республикэм и Правительствэм и ЩІыхь тхылъымрэ саугъэт лъапІэмрэ. Осетие Ищхьэрэ-Аланием къикІахэри Іэнэщ Іэтэхьым - я республикэм и ЩІыхь тхылъэр, саугъэтхэр Алчагировым къыхуагъэфэщащ.

ЗэІущІэ нэужьым ветеранхэр ирагъэблагъащ «Акрополь» нэгузэгъэужь-щэнхабзэ центрым. Юбилярым, зэгъэнэгъу лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм я щІыкІэр абы хуэхъуэ куэд щалэтащ, псалъэ гуапэ щыжаІащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.



Бразилием щекІуэкІ Олимп джэгухэм къыщыхъуну Іуэхугъуэ нэхъ инхэм хабжэ дуней псом щэнейрэ и чемпион Махуэ Билал щыщхьэІуэм и 20-м бэнэкІэ хуитымкІэ килограмми 125-м нэс си хьэлъагъэхэм я зэпеуэм зэрыхэтынур.

● Дыщогугъ текІуэну!

● КъБР-м и прокуратурэм

ЩхьэзыфІэфІагъ зэрыхалъхьам къыхокІ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал властым и къудамэхэм ящыщ къулыкъущІэхэм федеральнэ бюджетым и мылъкуу сом мелуани 156-м щІигъу нэгъуэщІ мурадкІэ къызэрагъэсэбэлар республикэм и прокуратурэм къыщІигъэщащ.

2008 ГЪЭМ щыщылэм и 14-м Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэ №10-мкІэ къащта «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэ хэхэсыр щызыубзыхуам тету, Зэрэгъэшх МГЭС-м къытыну токыр зыгуэшыну «Къэщкъэтау», «Псыгуэнсу» подстанцэр а ахъшэмкІэ ирагъэфІэкІуэн хуейт.

КъызэрахутамкІэ, УФ-м и щІыналъэм къызыхуэтыншэу щаухуэну объектхэм субсидие яхуэхъыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Урысейм Энергетикэмкі и министерствэмрэ зэращІилІа зэгурыІуэныгъэр къызэпаудри, КъБР-м и Правительствэм и щымыщІ псэуалъэхэр зэгъэпэщыжыным федеральнэ бюджетым и ахъшэр халъхьащ, ардыдэмкІи сом мелуани 156-м щІигъу хэщІыныгъэ къэралым къыхуахьащ.

ЩхьэзыфІэфІагъ зэрыхалъхьам, бюджет мылъкур нэгъуэщІ мурадкІэ къызэрагъэсэбэлам теуху тхылъэр, уголовнэ Іуэху кърагъаІэтын папщІэ, республикэм Следствэмкі и управленэм иратащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

«Кавказ джэгухэм» хэтынущ

«Кавказ джэгухэр» фестивалым и республикэпсо Іыхьэм Бахъсэн щІыналъэм и спортсменищ къыщыхэжаныкІащ.

ПСОМ НЭХЪРЭ нэхъ псынщІэу кІапсэм дэпщэгр Къубэ-Тэбэ къуажэм щыщ Гугъуэт Тимурщ. Абы метр 55-рэ зи лъагагъым зэману иригъэхьар дакъикъищ къудейщ. Къыхэзэщыпхъэщ мы спорт пІэжьыгъуэмкІэ Гугъуэтыр КъБР-м тхуэнэфІэ и чемпиону, КИФЦІ-м щэнэфІэ увыпІэ нэхъыщхьэхэр щыубыдауэ зэрыщытыр.

Исльэмей къуажэм щыщ Шыбзыхъуэ Елдар килограмм 80 зи хьэлъагъэм я деж армспортымкІэ зыри къыщыпэхъуакъым.

ТроеборьемкІэ етІуанэ увыпІэр иубыдащ Бахъсэнёвок къуажэм щыпсэу Къэмбэчокъуэ Азэмэт.

ЧЫЛАР Аринэ.

КъБР-м и спортменхэм медалу 11 къахьащ

Дагъыстэным Кикбоксингымкі и федерацэм и вице-президенту щыта Гаирбеков Гаирбек и фэеплъ зэхьэзэхуэ Иэбербаш щекІуэкІащ. Абы хэтащ Урысеймрэ Къэзахстанымрэ я спортсмену 250-м нэблагъэ. Къахьа медалхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къефэкІар Дагъыстэнымрэ Шэшэнымрэщ.

● Спорт хъыбархэр

Я ХЬЭЛЪАГЪРЭ я ныбжьрэ елъытауэ дыщэ медалхэр зыІэрагъэхьащ Къанокъуэ Анжеликэ (кг 56-рэ), Сэвкіуий Тамерлан (кг 35-рэ), Ажий Антемыр (кг 42-рэ), Шыгъуэх Артур (кг 57-рэ), Шакъ Назир (кг 60), Алборэ Амир (кг 81-рэ) сымэ.

Дыжьыныр кьахьащ Гъуклэпщокъуэ Мухьэмэд (кг 57-рэ), Тамбий Темболэт (кг 60), Куэшмэн Алим (кг 67-рэ) сымэ.

Шэрыб Елдарэ Къарэмырзэ Ислъамрэ жэзыр я Іэрыльхьэщ.

НыбжьыщІэхэр я гъэсэнщ Саралидзе Айдинрэ Апажэ Рашидрэ.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

● Гу зылъытапхъэ

Гъэмахуэ зэманым лажьэ школ

Илъэс 30-кІэ Америкэм щылэжьа егъэджакІуэм инджылызыбзэкІэ хуиту фытхэу, фыкъеджэу икІи фыпсалъэу фриГъэсэнущ.

Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-хэм ит сабийхэм;

- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.

Курсым зезыгъэтхъэр тхьэмахуэм щэ къекІуэлІэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуи 5-кІэ еджэнущ.

Инджылызыбзэ зыдыжьну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур щыщхьэуІум и 20-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхъ секретарь), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къырдэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэ.**

Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъынырэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныигъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Эльэ,** *редактору* **Уэрдокъуэ Женя,** *корректорхэру* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биту Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тралдзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1257